O`ZBEKISTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKA İNSTİTUTI

TARİYX FAKUL`TETİ

TARİYX KAFEDRASI

4 A KURS TARIYX BAKALAVR  TA`LIM BAG`DARI TALABASI
EShMURATOV RİNAT JALG`ASBAEVİCh

**«XX A`SİRDİN` 30-JILLARINDA QARAQALPAQSTANNIN` AGRAR XOJALIG`INDA KADRLAR SİYaSATI»**

# PITKERIW QANIGELIK JUMISI

**Ilimiy basshi:**
**T.i.d., professor**
**B. Shamambetov**

No`kis - 2014

Pitkeriwshi talaba Eshmuratov Rinat Jalg`asbaevichtın` «XX a`sirdin` 30-jıllarında Qaraqalpaqstannın` agrar xojalıg`ında kadrlar siyasatı» temasındag`ı bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısı tariyx kafedrasının` 2014 jıl ___may ku`ngi ____-sanlı protokolı menen ma`mleketlik attestatsiya komissiyasına qorg`awg`a jiberiwge usınıs etildi.

**Tariyx kafedrası baslıg`ı:** **A.Sarıbaev**

Pitkeriwshi talaba Eshmuratov Rinat Jalg`asbaevichtın` «XX a`sirdin` 30-jıllarında Qaraqalpaqstannın` agrar xojalıg`ında kadrlar siyasatı» temasındag`ı bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısı 2014 jıl ____-may ku`ngi institut rektorının`_____ -sanlı buyrıg`ı menen ma`mleketlik attestatsiya komissiyasına qorg`awg`a jiberildi.

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasının` qararı menen Eshmuratov Rinat Jalg`asbaevichtın` bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısı ______ ballg`a bahalandı.

## МАЗМУНЫ

Кирисиў …………………………………………………………......……..4

**Birinshi bo`lim**

30-jıllarda Qaraqalpaqstan Respublikasının` ekonomikasın tiklew ha`m rawajlandırıwda awıl xojalıg`ının` ornı …......................................................7

**Ekinshi bo`lim**

Respublikanın` awıl xojalıq kadrların tayarlawda MTSlardın` roli: jetiskenlikler, mashqalalar………………………........................................ 27

**U`shinshi bo`lim**

Respublika awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda joqarı ha`m arnawlı orta kvalifikatsiyalı kadrlar tayarlawda ko`rilgen ilajlar: tabıslar,
mashqalalar ………………………................................................ 43

**Juwmaq** ……………………………………………………….... 59

**Paydalang`an a`debiyatlar** ……………………………………………...61

# KİRİSİW

O`zbekstannın` g`a`rezsizlikke erisiwi, Qaraqalpaqstannın` suveren respublika bolıwı menen bizin` tariyxımızg`a jan`asha ko`z benen qaraw ma`selesi turdı.

Sovet hu`kimeti 20-jıllardın` aqırına kelip o`zinin` kooperatsiyanı rawajlandırıw siyasatın awıldı ha`r ta`repleme kollektivlestiriw siyasatı menen awmastırdı. Biraq bul ilajlardı o`tkeriwde jergilikli sharayatlar esapqa alınbadı. Elimizde kolxoz qurılısın tezlestiriw haqqında jobalar islenip, jergilikli basshılardan so`zsiz orınlanıw kerek bolg`an ko`rsetpeler berilip, nızamlardın` ju`da` qopal buzılıwına alıp keldi. Kulaklardı saplastırıw kompaniyası Qaraqalpaqstanda da baslanıp, insan huqıqları qopal ra`wishte buzılıw jag`dayları dawam etti. Kollektivlestiriw awıl xojalıg`ın administrativlik-buyrıqpazlıq sisteması menen basqarıwdı bekkemledi ha`m diyqanlardın` totalitar ma`mleket ta`sirine tu`siwine, kolxozlar ekonomikalıq jaqtan pu`tkilley ma`mleketke qaraslı bolıp, olardın` g`a`rezsizligi ha`m baslaması keskin tu`rde sheklendi. Awıl xojalıg`ın kollektivlestiriw jıllarındag`ı bolg`an tiykarsız shawqımlar, qayg`ısı ko`z boyawshılıqqa alıp keldi. Kolxozlarg`a ha`r qıylı zorlıqlar menen kirgizilgen bolsa, bul kolxozlardın` o`mirinin` qısqa bolg`anlıg`ın yag`nıy ko`plep tarqap ketkenligin ko`remiz. Solay etip, respublikada kolxozlastırıwdı jedellestiriw unamsız na`tiyjelerge alıp kelgenligin ko`remiz.

O`ndiris quralları MTSlar arqalı ma`mleket qolına jıynaldı. MTSlar kolxoz jerlerin natural haqı esabınan qurap beretug`ın ha`m basqa da jumısların berdi ha`m bul islegen jumıslar ushın joqarıdan belgilengen baha menen alındı. Awıl xojalıg`ın texnikalıq jaqtan qayta qurg`anı menen, awıl miynet imkaniyatlarının` baylıqların ashıp beriwge o`tpedi. İs ju`zinde kolxozlarda, MTSlarda jerdin` iyesi ma`mleket bolıp qaldı.

Respublika awıl xojalıg`ı ushın sho`lkemlestiriwshi kadrlar, agronomlar, zootexnikler, kolxoz baslıqları, buxgalterlar, mexanikler, injenerler,

traktorshılar, ulıwma kolxoz qurılısı ushın kerekli massalıq qa`nigeler tayarlaw, olardı oqıtıw alda turg`an baslı wazıypalardan edi. Hu`kimet qararlarına muwapıq kolxozshılardın` o`z ishinen shıqqan kadrlardı basshı islerge ko`teriw, kolxoz-sovxozlardın` o`zlerinde awıl jaslarının` mektebin sho`lkemlestiriw, joqarı oqıw orınlarına, awıl xojalıq texnikumlarına oqıwg`a jiberiw, sonday-aq mashina traktor stantsiyaların (MTS) qarawında kolxoz kadrların tayarlaw isleri sol da`wirdin` baslı wazıypaları boldı ha`m bul sharalardı iske asırıwda ko`p qıyınshılıqlar menen iske asqanlıg`ın ko`remiz. Awıllarda sawatsızlıqtın` to`men bolıwı, sonın`day respublika awıl xojalıg`ı ushın kelip atırg`an awıl xojalıq texnikaların basqaratug`ın kadrlar, yag`nıy traktorshılar, mexanikler joqtın` qasında edi. Bul iste Oraydan jiberilgen «25» mın`shılardın` aytarlıqtay ja`rdemi tiygenligin aytıwımız orınlı.

Respublika awıl xojalıg`ın rawajlandırıw ushın ko`plep ha`r qıylı qa`nigelerge iye bolg`an kadrlar kerek edi. Awıl o`ndirisi ushın kerekli kadrlar Narkomzem ha`m rayonlarda sho`lkemlesken MTSlar arqalı tayarlaw wazıypaları turg`an edi. Al kadrlar bolsa jetpeytug`ın edi. Kolxoz baslıqları, brigadirler, zvenovodlar ha`m tag`ı basqa da awıl xojalıg`ı ushın kerekli bolg`an kadrlar ha`r qıylı qa`nigeler tayarlandı. 1933-1937-jıllarda 4255 mexanizator tayarlang`an bolsa, 1940-jılı 2459 ha`r qıylı profildegi kolxoz kadrları MTS arqalı tayarlandı. Kollektivlestiriw da`wirinde geypara ekonomikalıq tabıslarg`a qaramastan, diyqanlarg`a ta`n bolg`an turmıs ta`rtibi buzıldı, ruwxıy ha`m a`dep-ikramlıq qa`driyatlar ja`bir ko`rdi.

Prezidentimiz Karimov İ.A. aytqanınday «Ha`r adamda ushırap atırg`an jalg`an ko`rinis, ko`z boyamashılıq turmısımızg`a ju`da` qarsı»[1] degen.

Qaraqalpaqstanda awıl xojalıg`ın kollektivlestiriw du`zilgen siyasiy bo`limler, MTSlardın` islegen xızmetleri, awıl turmısında bolg`an o`zgerislerge onın` tariyxın izertlew boyınsha respublika ilimpazları ta`repinen izertlenip bir qansha miynetler baspadan shıqtı. Sovetlik da`wirde shıqqan monografiya ha`m miynetlerdin` avtorları Ametov K., Bazarbaev R.J., Bekimbetov A., Sarıbaev K.,

---

[1] Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Тошкент, 1996. 163-бет.

Muratova P., Sarıbaev M., Shamambetov B., Qaraqalpaqstan ASSR tariyxı ha`m tag`ı basqa miynetlerde[1], sovetlik da`wir ko`z qarası menen respublikamızdag`ı o`tkerilgen kollektivlestiriw, ondag`ı jetiskenlikler, awıl ushın kadrlar tayarlaw, onın` qıyınshılıqları ha`r ta`repleme ko`rsetilgen. Bul miynetlerde sol 30-jıllardag`ı juz bergen biybastalıq, zorabanlıq, ma`jbu`rlew, ko`z boyamashılıq ha`m tag`ı basqa da kemshilik ko`rsetilgen. Jaqında baspadan shıqkan Qaraqalpaqstannın` jan`a tariyxında[2] bul kemshiliklerdin` mazmunı ashıp berilgen.

Respublikamız tiykarınan agrar-industrial u`lke. Xalqımız bastan ko`pshiligi awıllarda jasaydı, xızmet etedi. Sonı esapqa alıp, bu`gingi ku`nnin` talabına ılayıq awıl xojalıg`ının` bastan o`tkergen tariyxın izertlew bu`gingi ku`nnin` baslı ma`selesi bolıp qaladı.

[1] Аметов К. Аграрная политика Советской власти в Каракалпакии. Нукус, 1972; Базарбаев Р.Ж. История кадровой политики Советской власти в Каракалпакстане. Нукус: Билим, 2012; Бекимбетов А. Ленинлик кооперативлик планның Қарақалпақстанда иске асыў тарийхынан. Нөкис, 1975; Сарыбаев К История орошения Каракалпакстана. Нукус, 1995; Муратова П. Қарақалпақстанда интеллигенция кадрларын таярлаў. Нөкис, 1992; Сарыбаев М. Политика хлопковой монокультуры Советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.). Ташкент: Навои, 2008; Шамамбетов Б. Политика сельскохозяйственных кадров – важный участок партийной работы. Нукус, 1978; Қарақалпақстан АССР тарийхы. Нөкис, 1989.
[2] Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. Нөкис, 2003.

# BİRİNShİ BO`LİM

## 30-JILLARDA QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASININ` EKONOMIKASIN TIKLEW HA`M RAWAJLANDIRIWDA AWIL XOJALIG`ININ` ORNI

Elimizde sovetlik qayta qurıwlardın` biri awıl xojalıg`ın kollektivlestiriw edi. Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ın sho`lkemlestiriw Pu`tkil Awqamlıq oraydan bolatug`ın bir ulıwmalıq qararlar tiykarında a`melge asırıldı. Ma`mleketlik korporatsiyalar kolxozlar menen awmastırıldı. Jeke xojalıq jeri ha`m ku`sh-ko`likler menen kolxozg`a tartıla basladı. Biraq, kolxozlastırıwdı ju`rgiziwde Sovet hu`kimeti Qaraqalpaqstannın` o`zine ta`n o`zgesheliklerin esapqa almadı. Kolxozlastırıw diyqanlardın` erki menen emes, al ma`jbu`rlew jolı menen alıp barıldı. Ha`tteki, kolxozlastırıw ushın awılg`a jiberilgen partiya sovet wa`killeri jıynalıslarda diyqanlardı «Kim kolxozg`a kirmese og`an jer suw berilmeydi, ko`p salıq salınadı, olar jer awdarıladı» - dep qorqıttı. Qaraqalpaqstanda Oraydın` ko`rsetpesine muwapıq, 1928-jıldan baslap-aq qurg`ın diyqanlardın` jerlerin tartıp alıw ha`m mal-mu`lklerin konfiskatsiyalaw baslandı ha`m usı jılı 3 kolxoz sho`lkemlestirildi. 1929-jılı 33 kolxoz boldı, al 1931-jılı onın` sanı 416 g`a jetti.

Qaraqalpaqstanda bazar qatnasıqlarına soqqı beriw maqsetinde da`slepki sovxozlar du`zildi. En` birinshi sovxoz A`miwda`r`ya jag`alawındag`ı 25 mın` gektar jerdi iyeledi. 1931-jılı Shabbaz rayonında paxtashılıqka bag`darlang`an «İstemes» sovxozı sho`lkemlestirildi, biraq, bul sovxozlar jergilikli sharayat esapqa alınbastan du`zilgen edi. Sonlıqtan da bul sovxozlar paxtashılıq penen shug`ıllanbadı, al «İstemes» sovxozı 1933-jıldan keyin mal sharwashılıq xojalıg`ına aylanıp ketti.

Qaraqalpaqstanda kolxozlastırıwdın` baslı maqseti bazar qatnasıqların ju`rgizetug`ın jeke xojalıqlardı saplastırıwdan ibarat edi. Usı maqsette Oray 25 mın`shılar ha`reketin sho`lkemlestirdi ha`m olar kolxozlarg`a ja`rdem ushın

jiberildi. 1930-jılı 29-fevral`da Sankt-Peterburgtan (Leningrad) 5 jumısshı qa`niygeler (Repinskiy, Gorshkov, Baturin ha`m t.b.) keldi. Olar To`rtku`l`de, Sarıbiyde, Shabbazda, Nazarxanda ha`m Xojelide bolıp, awıl-xojalıq qural-saymanların on`lap du`zedi. Usı jılları Qaraqalpaqstang`a 25 mın`shılar esabınan agronomlar da jiberildi. Ma`selen, Xarkovtan A.N.Danilov, Orta – Volgadan İ.V.Kozlov, Donnan İ.D.Suslov ha`m basqa da jerlerden Sarkizov, Loginov, Petrov, Belousov, İvanov, Demchenko ha`m t.b. Qaraqalpaqstang`a keldi[1].

Bulardan basqa Rossiya Federatsiyasınan 1930-jıldan keyin Evropa tipindegi 22 mın` dana qural-saymanlar a`kelindi. Olar paznalar, tırmalar, seyalkalar, kul`tivatorlar, okuchnikler ha`m nasoslar edi. Sonday-aq, suwg`arıw jumısları ushın 4 ekskovator a`kelindi.

«Krasnıy metallist» zavodı ekskovatorlar ushın motorlar, al Staliningrad traktor zavodı 20 zemlesos, 2 ekskovator ha`m basqa da ko`plegen texnikalar jiberdi. Qaraqalpaqstang`a slesarlıq u`skeneler, stanoklar, instrumentler, shege ha`m basqa da materiallar alıp kelindi.

Bul jılları Qaraqalpaqstannın` o`zindegi paxta tazalaw zavodları da kolxozg`a ja`rdem etti. Olar 139 seyalka, 186 pazna, 70 okuchnik, 193 kul`tivator, 3050 shıg`ır ha`m t.b. qural-saymanlardı on`lap du`zetti.

Diyqanlar traktor aydawg`a ha`m remontlawg`a u`yretildi. 1930-jılı Qaraqalpaqstang`a 30 traktor alıp kelindi. Shabbaz benen Xalqabadta mashina-traktor stantsiyaları (MTS) sho`lkemlestirildi.

Ekinshi besjıllıqta mashina-traktor stantsiyalarının` tarawları a`dewir ken`eytildi. Eger 1933-jılı Qaraqalpaqstanda 8 MTS bolsa, olar 1937-jılı 15 boldı. Bul MTSlarda 1933-jılı 276 traktor bolsa, 1937-jılı olardın` sanı 972 ge jetti. Eger traktorlar menen 1931-jılı 8855 ga jer su`rilgen bolsa, 1937-jılı 207 mın` g`a jer su`rildi[2]. 1934-jılı awıl xojalıg`ında 8 mın` pazna, 5 mın`g`a shamalas tırma, seyalkalar, kul`tivatorlar ha`m t.b. qural-saymanlar bar edi. Al, suwg`arıw tarawında 80 nasosı bar 15 nasos stantsiyası jumıs isledi. Degen

[1] Шамамбетов Б. Подготовка сельскохозяйственных кадров в Каракалпакой АССР в период социалистического строительства. Автореф. канд. ист. наук, Нукус, 1970. 13-бет.
[2] Бекимбетов А. мийнети, 55-бет.

menen bul jılları awıl xojalıg`ında jerler ele shıg`ır menen suwg`arılatug`ın edi, diyqanshılıq etiw tolıg`ı menen derlik qol miyneti menen bolatug`ın edi.

Awıl xojalıg`ın kollektivlestiriwdegi Sovet hu`kimetinin` ja`ne bir baslı maqsetlerinin` biri imperiyanın` paxtashılıq boyınsha g`a`rezsizligin ta`miyin etiw edi. Sonlıqtan da Qaraqalpaqstanda basqa milliy respublikalar sıyaqlı paxtashılıqqa a`hmiyet berildi, onın` egislik jer maydanı ko`beydi ha`m zu`ra`a`tligi o`sti. Eger Qaraqalpaqstan diyqanları 1930-jılı paxtanın` gektarınan ortasha, 7,5 tsentner zu`ra`a`t alıp, ma`mleketke 29301 tonna paxta tapsırdı, al 1935-jılı dekabr`de ha`r gektardan paxtanın` zu`ra`a`tligi 8,5 tsentnerge jetti[1].

Paxtashılıq penen birge jon`ıshqashılıq, sharwashılıq ha`m basqa da awıl xojalıq tarawlarında da bazar qatnasıqları qısıp shıg`arıla basladı. Usı maqsette pilleshilikke a`hmiyet berildi ha`m tut plantatsiyaları ko`beye basladı. Qaraqalpaqstanda ulıwma jer maydanı 62 gektar bolg`an birinshi ma`mleketlik pitomnigi qurıldı. Onda jıl sayın 400 mın`nan 1 milliong`a shekem tuqımnan ko`gerip na`lsheler jetistirildi ha`m satıldı. 1939-jıllardın` birinshi yarımı aqırında bir qutı nawqan qurtınan alıng`an pillenin` o`nimliligi 12,6 kg boldı, al, nawqan qurtın satıwdın` mug`darı 3 ese ha`m pile tayarlaw 4 ese o`sti. Pilleshilik son`g`ı jıllarda rawajlanıp bardı.

Qaraqalpaqstanda 1930-jılları paxtashılıq penen tıg`ız baylanıslı jon`ıshqashılıq rawajlandı. Bunda, a`sirese, Shımbay sortı dep atalg`an qaraqalpiaq jon`ıshqası sol waqıttag`ı Awqamda en` joqarı sapalı jon`ıshqa bolıp esaplandı. Ol ko`binshe jerdi almaslap egiw usılında a`hmiyetli orın iyeleydi. Qaraqalpaqstanda, a`sirese 1935-jıl 15-sentyabr`den VKP(b) Oraylıq Komiteti ha`m SSSR Xalıq Komissarları Sovetinin`, «Xorezm oazisinde paxtashılıqtı ha`m tuqım jon`ıshqanı rawajlandırıw boyınsha ila`jlar haqqında» qararınan keyin paxtashılıq ha`m jon`ıshqashılıq rawajlana basladı. Qararda Qaraqalpaqstanda 3800 ga paxta ha`m jon`ıshqa jer maydanların shıg`ır menen suwg`arıwdın` mashina menen suwg`arıwg`a o`tkeriw belgilendi. 7 zemlesos ha`m basqa da texnikalıq mexanizmler jiberdi.

---

[1] Сарыбаев Қ. Қарақалпакстан тарийхы (1917-1995-жж.). Нөкис, 1995.

Qaraqalpaqstanda paxtashılıqtı rawajlandırıw ushın «Ilg`allılar» ha`reketi tartıldı. Moskvada ılg`allı paxtakesh-kolxozshılardın` Pu`tkil awqamlıq birinshi (1933-jıl fevral`) ha`m ekinshi (1935-jıl fevral`) s`ezdları shaqırıldı. 1934-jılı Qaraqalpaqstanda kolxozshı-ılg`allı hayal-qızlardın` respublikalıq sletı bolıp o`tti. Sol waqıttag`ı awıl xojalıg`ı aldın`g`ıları ishinde To`rtku`l rayonı «Kraykom» kolxozınan Guljan Orazımbetova, Qarao`zek rayonı «Raykom» kolxozınan Gu`lziyra Artıqova, Shımbay rayonı Kuybıshev atındag`ı kolxozdan Biybizada Qosbergenova ha`m basqa da hayal-qızlar bar edi. «1935-jılı Avtonomiya respublika awıl xojalıg`ının` aldın`g`ılarınan eki adam «Hu`rmet belgisi» ordenı menen nagradlandı. 1936-jılı ılg`allılar ha`reketine 80 kolxozshı, 26 kolxoz brigadası ha`m 30 zveno qosıldı. Olardın` ishinde Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ındag`ı da`slepki tın` juldızları bolg`an Guljan Orazımbetova, Gulziyra Artıqova, Biybizada Qosbergenovalar bar edi»[1].

Awıl xojalıg`ın rawajlandırıw suwg`arıwsız mu`mkin emesligin esapqa alıp, suwg`arıw jumıslarına dıqqat berildi. 1935-jılı respublikalıq en` u`lken suwg`arıw suw tarmag`ı qurılıslarının` biri – 25 shaqırım uzınlıqtag`ı Qızketken kanalı qazılıp, paydalanıwg`a berildi, bul kanal ol waqıtta sekundına 18 metr kub suw ag`ızıw mu`mkinshiligine iye boldı.

1929-jılı Shoraxan kanalı qayta qazılıp, Paxta Arna kanalı dep atalatug`ın boldı. 1936-jılı bul kanal uzınlıg`ı 35 shaqırımg`a qaytadan qurıldı ha`m sekundına 65 metr kub suw ag`ıza alatug`ın boldı. Tek usı eki kanaldın` suw jetkerip beretug`ın jer maydanı 238 mın` gektarg`a jetti. Kanaldı qazıwg`a belsene qatnasqanlar aldın`g`ı qazıwshı O`zbekstan SSR Joqarg`ı Soveti Prezidiumının` Hu`rmet jarlıg`ın ha`m 364 qazıwshı Qaraqalpaqstan ASSR Joqarg`ı Soveti Prezidiumının` hu`rmet jarlıg`ı menen nagradlandı. Suwg`arıw kanalların qazıw ha`m rekonstruktsiyalaw na`tiyjesinde 1938-40-jılları 38100 gektar jan`a jer o`zlestirdi. Sonın` menen barlıq suwg`arılatug`ın jer

[1] Сарыбаев Қ., Уббиниязов Ж. Қарақалпақстан тарийхы. (1917-1922-жж.). Нөкис, 1993.

maydanının` 1928-jılg`ı 99,6 mın` genktardan, 1940-jılı 151,2 mın` gektarg`a ko`beydi[1].

Bul bolsa Qaraqalpaqstanda egislik maydanlarının` ko`beyiwine, paxtashılıqtı rawajlandırıw ushın, sonın` menen jap, kanallar qazıldı. Bulardan basqa 1930-jılları Kegeyli ha`m Quwanısh jarma kanalları qayta tazalandı, ja`ne de da`r`yanın` sol jag`asındag`ı Lenin ha`m Suwenli kanalları qayta qurıla basladı.

Qaraqalpaqstanda 1930-jılları sharwashılıq xojalıqların ma`mleketlestiriw keskinlesti. Qurg`ın xojalıqlar diyxanshılıq rayonlarındag`ı mallardın` bas sanının` 26,8% in, al sharwashılıq rayonlarında 30-35% in quradı. Kollektivlestiriw da`wirinde qurg`ın ha`m basqa da diyqan xojalıqlarının` malları konfiskatsiyalanıp, kolxozg`a tartıp alına basladı. Sonlıqtan bunday siyasatqa qarsı gu`res ku`sheydi. 1930-jıllar basında diyqan xojalıqları, a`sirese sharwalar malların joq etiwge kiristi, birazları ko`ship kete basladı. Ma`selen, 1930-jıldan baslap tek Tamdı rayonının` o`zinen sharwa xojalıqlarının` 48% i basqa jaqlarg`a ko`ship ketti. Sovet hu`kimeti bularg`a qarsı ayawsız sharalar ko`rdi.

1931-jılı 30-iyul`de VKP(b) Oraylıq Komiteti menen SSSR Xalıq Komissarlar Soveti «Sotsialistlik mal sharwashılıg`ın en jaydırıw haqkında» arnawlı qarar shıg`ardı, bul qarar kolxoz mal sharwashılıg`ı ushın ha`reket bag`darlaması boldı. Usı jıldın` gu`zinde-aq Qaraqalpaqstanda birinshi Qarako`lshilik sovxozı sho`lkemlestirildi. 1931-jılı Qaraqalpaqstanda barlıq qoylardın` (120400 bas) bas sanının` 20% i ma`mleketlik sektorg`a tartıldı. 1932-jılı Qaraqalpaqstan boyınsha 6020 xojalıqtı birlestirgen 72 mal sharwashılıq kolxozı du`zildi, olarda 16 qoy o`siriw tovarları ferma ha`m 16 jılqı o`siriw fermaları boldı. Son`g`ı jılları barlıq mallardın` bas sanının` 55% ten aslamırag`ı ma`mleketlik sektorg`a tartıp alındı.

Bul jılları sovet hu`kimeti paxtashılıqtı rawajlandırıw maqsetinde ha`m sharwa xojalıqların otırıqshılıqka o`tkeriw boyınsha bir qatar ilajlar ko`rdi. Bul

[1] Сарыбаев Қ. Қарақалпақстанда пүткилхалықлық ирригация қурылыс тарийхынан. Нөкис, 1989. 31-бет.

haqkında Oraydın` arnawlı ko`rsetpesine muwapıq 597 xojalıq otırıqshılıqqa o`tkerildi. Sonın` 270 xojalıg`ı 609 ga jer maydanı menen kollektivlestiriwge tartıldı. Suwg`arılg`an jer maydanının` ken`eyiwi menen awıl xojalıg`ı basqa da mashinalar ja`ne mexanizmler menen qurallandırıw dawam etti. Respublikada 17 MTS bolıp, olar kolxoz qurılısının` a`hmiyetli tirek punktine aynaldı. Mexanizatorlar kadrlar tayarlawg`a dıqqat awdarıldı. Usının` na`tiyjesinde paxtashılıqtı ha`m xalıq xojalıg`ının` basqa da tarawların rawajlandırıwdag`ı tabısları ushın Avtonomiyalı Respublikanın` 64 adamı joqarg`ı hu`kimet nagradaların SSSR orden ha`m medal`ların alıwg`a miyasar boldı. Olardın` ishinde Qarao`zek rayonı, Alg`abas kolxozının` predsedateli U.Turımova Lenin ordeni, Qıpshaq rayonınan pillekesh G.Erimbetova «Miynette ayrıqshalıg`ı ushın» medalı menen, al Shımbay rayonının` «Quralpa» kolxozı «Hu`rmet belgisi» ordeni menen nagradlandı.

Kolxozlarda paxtashılıq awıl xojalıg`ının` tiykarg`ı tarawı bolıp esaplanıp, onın` rawajlanıwına artıqsha kewil bo`lindi. 1940-jılı paxtanın` ulıwma o`nimi 1913-jılg`ı ko`rsetkishten 9,5 ese arttı.

1930-jılları Qaraqalpaqstanda awıl xojalıq qa`nigeleri tek To`rtku`l awıl xojalıq texnikumında tayarlanıp, onda orta mag`lıwmatlı mamanlar tayarlandı. Usı texnikumdı 1931-jılı 21 adam pitkerdi. Olardın` ishinde T.Seytov, X.Xalmuratov, İ.Arzeekev, Dontsov, Maevskiy ha`m basqalar boldı.

1932-jıldın` aqırında Qaraqalpaqstanda 597 kolxoz bolıp, sonın` 471 i awıl xojalıq arteli, 126 sı jerdi birge islesiw serikligi (TOZ) dep atalatug`ın kollektiv xojalıqlar bar edi. Bular respublikadag`ı barlıq xojalıqlardın` 53% in quradı. Birinshi bes jıllıqtın` aqırında diyqanshılıq kolxozlarının` egislik jer maydanı 66909 ga bolıp, ol barlıq egislik jer maydanının` 57,7% in quradı. Kolxozlardın` paxta atızları 36173 ga bolıp, ol barlıq paxta egislik jerinin` 64,5% i edi. Kolxozlarda paxtashılıqtın` tutqan ornı 54%, al dara xojalıqlardı 40% ten aslam boldı.

Al, ekinshi besjıllıqtın` aqırında (1937-jılı) kolxozlar barlıq diyqan xojalıqlarının` 90% in ha`m barlıq egislik jer maydanının` 96% in iyeledi[1].

Bul da`wirde Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ın bunnan bılayda rawajlandırıwda Moskva qalasının` Dzerjinskiy rayonının` miynetkeshleri u`lken ja`rdem ko`rsetti. Dzerjinskiy rayonı Qaraqalpaqstang`a tuwısqanlıq g`amxorlıq ko`rsete otırıp ha`m onı o`zinin` qa`wenderligine ala otırıp, 1933-1934-jıllardın` ishinde Qaraqalpaqstang`a irrigatsiyalıq jumıslar ushın quwatlı 4 ekskovator jiberdi.

Sonday-aq materiallıq-texnikalıq jaqtan ja`rdem ko`rsetiw menen bir qatarda sovet ma`mleketi kolxoz kadrların tayarlaw ha`m ta`rbiyalaw jumıslarına u`lken dıqqat awdardı. Eki jıldın` ishinde (1933-1934-jj.) respublikamızdın` kolxozları ushın 3000 g`a jaqın kolxoz predsedatelleri, brigadirler menen traktorshılar tayınlandı. Dzerjinskiy rayonının` baslaması boyınsha «Stankolit» ha`m «Borets» zavodlarında 15 qaraqalpaq tayarlanıp, slesar` ha`m tokar` sıpatında islew ushın Qaraqalpaqstang`a jiberildi. Bunnan tısqarı Qaraqalpaqstang`a 5 vrach jiberildi.

Rus xalqının` ko`rsetken u`lken ja`rdeminin` na`tiyjesinde respublikamızdın` awıl xojalıg`ı ha`m barg`an sayın qayta du`zildi. Egerde 1932-jılı 57,9 protsent ka`mbag`al-ortasha xojalıqlar kollektivlestirilgen bolsa, al 1934-jıldın` aqırına kelip kollektivlestiriw 62% ke jetip, kolxozshı diyqanlardın` egislik jer maydanı 61,2in tuttı. Usının` menen bir qatarda awıl xojalıg`ının` texnikası o`sip bardı. Ma`selen, eger 1934-jılı 9 MTS ta 326 traktora bolsa, al 1935-jılı 12 MTS tag`ı traktorlardın` sanı 715 ke jetti, tiykarınan kolxozlardag`ı egislik jer maydanlarının` barlıg`ı derlik usı traktorlar menen islendi. Mine usılardın` na`tiyjesinde respublikamız kolxozları 1934 ha`m 1935-jılları barlıg`ı bolıp 56,497 tonna paxta, 2881 tonna jon`ıshqa tuqım tayarladı ha`m onı ma`mleketke sattı, al 1934-jılı pille tayarlaw 128% orınlandı.

---

[1] Бекимбетов А. Ленинлик кооперативлик планның Қарақалпақстанда иске асыў тарийхынан. Нөкис, 1975. 63-бет.

Bul da`wirde Qaraqalpaqstannın` sotsialistlik mal sharwashılıq rawajlanıwında da u`lken tabıslarg`a erisildi. Mallardın` barlıq tu`rlerinin` bas sanı 1936-jıl 1-yanvarına respublika boyınsha 344,9 mın`g`a jetti, bul 1933-jılg`a qarag`anda 3,62 mın` bas ko`p degen so`z. Solay etip, 1935-jılg`a mal sharwashılıg`ın rawajlandırıw planı tek mallardın` barlıq tu`rleri boyınsha orınlanıp g`ana qoymastan, al jılqıdan basqaları 193% artıg`ı menen orınlandı.

Usının` menen bir qatarda, bul da`wirde ja`miyetlestirilgen kolxoz mal sharwashılıg`ın rawajlandırıw tarawında u`lken o`zgerisler boldı. 1935-jıldın` basında mallardın` barlıq bas sanının` 75 %ti kolxozlar menen sovxozlarda ja`mlendi. Kolxoz tovar formalarında mallardın` bas sanı tez o`sti, onın` tuqımı jaqsılanıw menen ol 47,6% ti quradı. «Qarako`l» sovxozında 60 mın` basqa jaqsı qara ko`l qoyları ja`mlendi.

Kolxozlar menen sovxozlardın` tabısının` o`siwi sovxoz du`zimi tarawındag`ı u`lken jetiskenlik boldı, bul kolxoz massasının` materiallıq ha`m ma`deniy da`rejesinin` artıwına alıp keldi. Eger 1933-jılı kolxozlar tabıslardı bo`listiriw waqtında ku`nine ortasha 2 kg 955 gr biyday ha`m aqshalay 1 manat.

Avtonom respublikanın` usınısı menen, ha`mde VTsİK usınısı menen, usılardı esapqa alg`an halda Moskva qalasının` Dzerjinskiy rayonı respublikanı o`zinin` qa`wenderligine (shefstvo) aldı. Qaraqalpaq ASSR kolxozının` sanı 416,2 mın` adamdı quraytug`ın edi, tap sonday-aq Dzerjinskiy rayonı xalqıda sog`an sa`ykes keletug`ın edi (334 mın`), biraqta Qaraqalpaqstan respublikası aymag`ı boyınsha, u`lkenligi, ko`lemi boyınsha birneshe ma`rtebe Dzerjinskiy rayonı ko`leminen zıyat turar edi[1].

1933-jılı 28-noyabr`degi Dzerjinskiy raysoveti prezidiumı jıynalısında bılay delingen edi: xalıq milliy respublika u`stinen g`amxorlıq etiw, onı SSSRdın` aldın`g`ı qatardag`ı rayonlarına ten`lestiriw ushın Dzerjinskiy raysovetı prezidiumı qarar etedi:

1. Qaraqalpaq ASSR u`stinen (shefstvo) g`arqorlıq etiw.

[1] Камалов С.К., Германова В.В. Москва – Каракалпакстан. Нукус: Каракалпакстан, 1986. 656-бет.

2. Qaraqalpaq ASSR beriletug`ın ko`mektin` a`hmiyetin ha`m sho`lkemlerde tu`sinip jumısların alıp barıw.

Bul eki rayon arasındag`ı baylanıs Qaraqalpaq ASSRı TsİK (Oraylıq Atqarıw komiteti) ta`repinen alıp barıladı. Usı tarawdı basqarıp barıw jumısın K.Nurmuxamedovke tapsırıldı.

Moskva qalasının` Dzerjinskiy rayonı ko`rsetetug`ın ja`rdemi to`mendegilerden ibarat boldı: texnik ja`rdem, jergilikli kadrlardı tayarlap beriw, Qaraqalpaq ASSRın mug`allimler, vrachlar menen, mektepke shekemgi qa`nigelerdi tayarlawdan ibarat boldı. Bulardı tayarlawda Moskvadan jiberilgen qa`nigeler xızmet etti, ja`ne de kinofikatsiyanı jolg`a qoyıwg`a ja`rdemlesti. Ma`deniyattı rawajlandırıwda birinshi orında sawatsızlıqtı boldırmaw, professional`-texnik bilimlendiriwde ko`pshilikti qamtıp alıw, qalada ha`m awılda isleytug`ın qa`nigelerdi tayarlaw jumısı turdı.

Qaraqalpaqstannın` isshi, jumısshı klassı ko`p milletlerden quralg`an boldı, mısalı To`rtku`l paxta tazalaw zavodında birinshi besjıllıqta 12 millet adamları bolsa, al Shımbay paxta tazalaw zavodında 6 millet wa`killeri boldı[1]. İsshi kadrlardı tayarlawda paxta tazalaw, balıqshılıq, poligraf sanaatı basshıları shug`ıllandı.

Usının` menen bir qatarda kolxozlardı jerlestiriw jumısları tabıslı alıp barıldı. 1935-jılı 713 kolxozdan 564 kolxozg`a jerden ma`n`gi paydalanıw haqqındag`ı ma`mleketlik akt saltanatlı tu`rde tapsırıldı.

Awıl xojalıg`ı artelinin` Ustavın qabıl etiw ha`m engiziw menen bir qatarda kolxozlardı sho`lkemlestiriw – xojalıq jag`ınan bunnan bılay da bekkemlewde elimizde 1995-jıldın` ekinshi yarımında en jayg`an staxanovshılar ha`reketi u`lken a`hmiyetke iye boldı. Mine bul ha`rekette de rabochiylar menen hayal-qızlar rabochiyları staxanovshılarının` 1935-jıl noyabr`de Moskvada bolıp o`tken Pu`tkilsoyuzlıq ken`esi sho`lkemlestiriwshilik a`hmiyetke iye boldı.

Bul ken`este Qaraqalpaqstannın` joqarı zu`ra`a`t sheberlerinen 11 adam qatnastı. Ken`este qatnasıwshı awıl xojalıg`ının` aldın`g`ıları joqarı zu`ra`a`t

[1] Сол китапта, 53-бет.

ushın gu`reste ayrıqsha xızmetleri ushın Sovetler Soyuzının` ordenleri menen nagradlandı. Olar paxtashılıqtı rawajlandırıw tarawında u`lgi ko`rsetti ha`m ha`r gektardan 20 ha`m onnan da joqarı tsentnerden zu`ra`a`t alıp, ol waqıtları Qaraqalpaqstan jag`dayında bolıp ko`rmegen zu`ra`a`t jıynadı.

Solay etip, 1936-jıl kolxoz qurısında jan`a ha`m u`lken jen`is jılı boldı. Staxanovshılar ha`reketinin` ken`nen en jayıwı menen bir qatarda, respublikamızda «jigirmanshılar» ha`m «otızshılar» ha`reketi en jayıp, olar o`z aldılarına paxtanın` ha`r gektarınan 20-30 tsentnerden zu`ra`a`t alıw wazıypasın qoydı. Bul ha`reketke 1936-jılı respublikamızdan 80 kolxozshı, 26 kolxoz brigadaları ha`m 30 zveno qosıldı.

Partiya sho`lkemleri hayal-qızlar arasında da u`lken jumıslar alıp bardı. Direktivalıq organlar ta`repinen alg`a qoyılg`an wazıypalardı orınlay otırıp, hayal-qızlarda ılg`allılar ha`reketine barg`an sayın ko`plep qosıla basladı. Usının` arqasında respublikamız staxanovshılarının` arasınan bir qansha qaraqalpaq hayal-qızları jetilip shıg`ıp, olar miynet frontında u`lgi ko`rsetti. To`rtku`l rayonı «Kraykom» kolxozı basqarmasının` ag`zası Orazımbetova Guljandı mısalg`a alsaq boladı. Ol jaqsı jumıs islegeni ushın 5 ret sıylıqlandı. Bunday hayal-qızlardan Qarao`zek rayonı «Raykom» kolxozının` ag`zası Artıqova Gulziyranı, Kuybıshev atındag`ı kolxozdın` ag`zası Qosbergenova Biybazadanı ha`m t.b. atap ko`rsetiwge boladı.

Solay etip, Qaraqalpaqstan hayal-qızları kolxoz qurılısı ushın gu`restin` aktiv qatnasıwshıları boldı. Awıl xojalıg`ındag`ı eski texnikalıq normalardı ılaqtırıp taslap, staxanovshı miynet o`nimliligin arttırıwg`a eristi.

Sonday-aq kolxozshı traktorshılardın` arasınan da o`z jumısın jaqsı biletug`ın, eski is normasın ılaqtırıp taslag`an bir qansha adamlar jetilip shıqtı. Respublikada bunday joldaslardan G`afur Yaqshimovtı atap o`tiwge boladı. Ol Qıpshaq MTSında traktorshı bolıp islew menen jer su`riwdin` belgilengen normasın ha`r ku`ni artıg`ı menen orınladı. Ma`selen, 1934-jıl gu`zde jer sw planın u`sh ese artıg`ı menen, al 1935-jıl ba`ha`rde jer su`riw planın 200

protsent orınladı. Paxtakeshlerdin` Pu`tkilsoyuzlıq ken`esinde hu`kimet onın` jumısın joqarı bahalay otırıp, og`an «Hu`rmet belgirsi» ordenin tapsırdı.

Joldas Yaxshimovtın` u`lgisi boyınsha basqa da ko`plegen traktorshılar jumıs isledi. Bunda traktorshılardan jer su`riwdin` tapsırmaların 160% orınlag`an Kuybıshev MTSınan Toreev Qurbaniyazdı atap o`tiwge boladı.

Partiya menen hu`kimetimizdin` basshılıg`ında ha`m kolxoz diyqanlarının` pida`kerlik miynetinin` na`tiyjesinde Qaraqalpaqstan 1936-jılı kolxoz qurılısı tarawında u`lken tabıslarg`a eristi. 1936-jıldın` aqırında kollektivlestiriw 85,7% ke jetip, 36988 xojalıqtı o`z ishine aldı. Awıl xojalıg`ı artelinin` jan`a Ustavına muwapıq 1117 kolxoz tolıg`ı menen artel`ge o`tkerilip, 10,103 jeke xojalıqlar kolxozg`a kirdi. Respublikamızdın` egislik jer maydanı bul waqıtları 120 mın` gektarg`a shekem arttı. Awıl xojalıg`ında 745 traktorı bar 14 MTS sho`lkemlestirilip, olar barlıq kolxoz jerinin` 90,8%in su`rdi.

Awılda kolxoz turmısın bekkemlew ha`m onı bunnan bılay da gu`llendiriwde jan`adan qabıl etilgen SSSR Konstitutsiyası – sotsializmnin` jen`iw Konstitutsiyası u`lken a`hmiyetke iye boldı. Bunda 1924-1936-jıllardın` ishinde elimizdin`, sonın` ishinde Qaraqalpaqstan miynetkeshlerinin` ekonomikası menen klasslıq du`zilisindegi ku`ta` u`lken o`zgerisler ko`rsetildi ha`m bekkemlendi.

Jan`a Konstitutsiyag`a muwapıq 1937-jıl 12-oktyabr`de SSSR Joqarg`ı Sovetine saylawlar haqqındag`ı reje ja`riyalandı.

1937-jıl 12-dekabr`de SSSR Joqarg`ı Sovetine saylawlar o`tkerilip, bug`an Qaraqalpaqstan ASSRında miynetkesh xalıqtın` 95%ti dawıs beriwge qatnastı, bunnan kommunistler menen partiyada joqlar bloginin` kandidatları ushın saylawshılardın` 98,3%ti o`z dawısların berdi.

Bul da`wirde SSSRdın` jan`a Konstitutsiyası qabıl etiliwine baylanıslı qaraqalpaq xalqının` da turmısında u`lken waqıyalar boldı. Sovet Konstitutsiyasına muwapıq Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı respublikası tuwısqan O`zbekstan Sovet Sotsialistlik respublikasının` quramına kirdi. Bul Qaraqalpaqstan kolxoz diyqanlarının` O`zbekstannın` aldın`g`ı, ta`jiriybeli

paxtakeshleri menen tıg`ız baylanısta bolıwına, sovet paxtashılıg`ın bunnan bılayda ko`teriw ushın birge gu`res alıp barıwg`a ha`m o`zbek ja`ne qaraqalpaq xalıqlarının` tuwısqanlıq buzılmas doslıg`ın bekkemlewge mu`mkinshilik beredi.

1937-jıl Qaraqalpaqstan tariyxında avtonomiyalı respublikamızda kolxoz qurılısın ayaqlaw jılı boldı.

Ekinshi besjıllıqtın` planın mu`ddetinen burın orınlaw awıl xojalıg`ında sotsializm jen`isinin` tabıslı tamamlanıwına barlıq jag`day du`zip berdi. 1937-jılı respublikamız kolxozları diyxan xojalıqlarının` 90%in derlik birlestirip, barlıq egislik jer maydanının` 96%in o`z ishine aldı, bul birinshi bes jıllıqqa qarag`anda eki ese o`sti degen so`z.

Bul da`wirde awıl xojalıg`ın sotsialistlik qayta qurıw tarawında u`lken o`zgerisler boldı. Respublikamızda 980 traktorg`a iye 14 MTS du`zildi. 1937-jılı kolxozlardın` barlıq egislik jer maydanının` 908% ti traktorlar menen su`rildi. Usı waqıtlarda awıl xojalıg`ında 10 mın` plug, 5500 tırma, 5000 seyalka, 4000 kultivator, 220 nasos qurılmaları, 7 ekskovator, 11 zemlesos bar edi ha`m bunnan tısqarı respublika 374 ju`k mashinasına ja`ne 68 jen`il avtomashinasın aldı.

Qaraqalpaqstan kolxozlarının` awıl xojalıq mashinaları menen sistemalı tu`rde ta`miyinleniwi paxta zu`ra`a`tinin` o`siwine ta`sir etti. 1937-jılı ulıwma o`nim 68,4 mın` tonnanı qurap, birinshi bes jıllıqqa qarag`anda 2 eseden artıq o`sim berdi. 1937-jılı paxtanın` ortasha zu`ra`a`tliligi gektarınan 14,3 tsentnerge jetip, birinshi bes jıllıqqa salıstırg`anda zu`ra`a`tlilik 2 ese derlik o`sti.

Ekinshi bes jıllıq da`wirinde awıl xojalıg`ı o`ndirisinin` basqa da tarawları – jon`ıshqashılıq penen pilleshilik te ko`p rawajlandı. 1937-jılı respublikamız kolxozlar ma`mleketke 29,759 tsentner jon`ıshqa tuqım tapsırdı, bul birinshi bes jıllıqtın` ko`rsetkishlerinen 4 ese artıq degen so`z. Pilleshilik boyınsha plan 1938-jılı 107,5% orınlandı. 3530 qutı n`awqan qurtı satılıp, 1932-jılg`a qarag`anda 120%ke o`skenligin ko`rsetedi. 1,418 tsentner pille alınıp, o`sim 1932-jılg`a qarag`anda 288%ti quradı, bir qutıdan alınatug`ın zu`ra`a`tlilik

1932-jılg`ı 12 kilogrammnan 1937-jılı 40,2 kilogramg`a jetti. Solay etip, Qaraqalpaqstan pilleshilik boyınsha ekinshi bes jıllıqta ku`ta` joqarı ko`rsetkishlerge erisip, birinshi bes jıllıqtın` ko`rsetkishlerinen 4 ese derlik o`sti.

Qaraqalpaqstannın` sotsialistlik mal sharwashılıg`ı tarawında da u`lken tabıslar boldı. Mallardın` ulıwma bas sanı respublika boyınsha 1933-jılg`ı 303,7 mın` bas ornına 1938-jıldın` 1-yanvarına 503,971 basqa ko`beydi.

Jumıs islewshilerdin` toparında qa`nigelerdin` ayrıqsha joqarı mag`lıwmatlı qa`nigelerdin` sanı artıp bardı, 1929-jılı paxta zavodında 8 isshi joqarı mag`lıwmatlı bolg`an bolsa, injener, texniklerdin` arasında birde jergilikli, milliy kadrlar bolmag`an bolsa, al 1932-jılı joqarı ha`m orta bilimge iye qa`nigeler 130 adamdı quradı, solardan 80 jergilikli jasawshı milliy kadrlar edi[1].

Dzerjinskiy rayonının` mekemelerinin` barlıg`ıda Qaraqalpaq ASSRna ja`rdem ko`rsetti. 1935-jılı «Stankolit» ha`m «Borets» zavodlarında 15 qaraqalpaq praktika o`tti. Olardan slesarlar, tokarlar tayarlandı. Ekinshi bes jıllıqta qurılıwı tiyis bolg`an zavod ushın qa`nigeler tayarlawdı baslang`an edi. Jıldın` aqırına (1935-j.) 60 qa`nige tayarlap beriw ko`zde tutılg`an edi[2].

Urıs Ullı Watandarlıq jıllarında Xalqabad MTS (mashina-traktor stantsiyası) No`kiske ko`shirildi. Onda 7 stanok ha`m quyıw ushın vagranka bar edi.

Xalqabad MT M.İ. mexanik remontlaw zavodının` tiykarın saldı. 1943-jılı No`kis motor remontlaw zavodı iske tu`sti, al 1948-jılı No`kis mashina remontlaw zavodı iske tu`sti. Avtonom Respublikanın` barlıq tarawlarında milliy kadrlar tayarlandı. Dzerjinskiy raysoveti Prezidiumı qararı menen 1935-jıl 1-avgustta Qaraqalpaq ASSRı Xalıq Komissarları Soveti 40 adamdı Moskvada oqıwg`a jiberildi.

Qaraqalpaq ASSRı TsİKi sekretarı F.Sunchaliev oqıwg`a baratug`ınlar menen gu`rrin`lesip, oqıwdın` maqseti tuwralı tu`sinik berdi.

---

[1] Усы китапта, 63-бет.
[2] История рабочего класса Советского Каракалпакстана. Ташкент: Фан, 1977. 34,35-бет.

Qaraqalpaqstannan jiberilgenlerden Asen Utemuratov – Kuybıshev rayonı «Taza Qural» sovxozı diyqanı, To`reniyaz Amanbaev – Shımbay rayonı «Leninshi» kolxoz diyqanı, Berdaq Djannazarov – Xalqabad MTSi mexanigi[1]. T. Allabergenov, G`ayratdinov, Nasurlaevlar[2] bolsa instrumental` zavodı «Kalibr» atındag`ı zavodta, Yuldash Davletov – respublikalıq jol-transport bo`limi kuznetsshisi, Raxman Davletov - To`rtku`l 89-sanlı Kuybıshev rayonı «Taza qural» kolxozı diyqanı – slesar mexanik qa`nigeligin iyelep, avtomashinalardı remontlaw zavodında isledi.

J.Nurjanov – Qıpshaq MTS isshisi, G.Saparov – Xojeli MTSı isshisi tokar qa`nigeligin iyeledii, Rostkin remontlaw mexanik zavodında Ma`mbetmurat Paxratdinov Shımbay rayonı, «Qızıl qala» kolxozı diyqanı ha`m G`ani Nietullaev - Taxtako`pir MTSı traktorshısı Moskva remontlaw mexanikalıq zavodında №119 tokar bolıp jumıs isledi.

To`rtku`l MTS mexanigi İshanov avtomashina remontlaw slesarı qa`nigeligin «Stankolit» zavodında aldı. Ma`mbetmurat Jumamuratov Shımbaydan Jiyemurat To`remuratov usı zavodta isshi qa`nigeligin iyeledi.

1936-jılı Dzerjinskiy rayonı zavodlarında 14 qaraqalpaq kolxozshıları tayarlandı. Olardı MTSlarda jumıs alıp barıw boyınsha tayarladı. Dzerjinskiy rayonı ma`kemeleri, respublikada kadrlar tayarlawda u`lken mu`mkinshiliklerge iye edi. Onın` aymag`ı 1936-jılg`ı administrativlik bo`liniwden keyin 1124 gektarg`a qısqardı. Sonın` ushın ondag`ı mekemelerde qısqardı. Sondag`ı xalqının` sanı 229 mın` adamg`a ten` bolıp, solardan onnan bir bo`legin 22 mın`ın sanaat mekemeleri isshileri quraytug`ın edi[3]. Ullı Oktyabr` bayramına deyin A`miwda`r`ya bo`limi mekemelerinde 200 isshi islegen bolsa, 1937-jılg`a kelip avtonom respublika sanaatında 5,7 isshi isledi[4].

Qaraqalpaq ASSRında ekinshi besjıllıq aqırında paxta tazalaw zavodları qurılısı baslandı. Lyutserna tazalaw zavodı jumıs islep turdı, balıqqa qayta islew beriw boyınsha 4 zavod, mexanizatsiyalastırılg`an qaraz islep turdı. Go`sh-balıq

[1] Усы мийнетте, 68-бет.
[2] Уббиниязов Ж. Указ. Соч. 90-бет.
[3] История рабочего класса Советского Каракалпакстана. Ташкент: Фан, 1977. 38-бет.
[4] Уббиниязов Ж. От кустарщины до современности. Нукус, 1971. 111-бет.

konserva kombinatı, quwatı 15 million konserva (jılına) bankasın islep shıg`arıwshı kombinatı qurılısı iske tu`sti.

1940-jılg`a kelip sanaat ka`rxanaları sanı 89 g`a jetti, bul demek 1928-jılg`a qarag`anda 18 esege ko`beydi. Bul demek A`miwda`r`ya boyı xalıqlarının` ekonomik ha`m ma`deniyat jag`ınan artta qalıwshılıg`ın saplastırdı.

Ullı watandarlıq urıstın` baslanıw da`wirinde avtonom respublika sanaatı 1913-jılg`a salıstırg`anda 50 ese ko`p maxsulat islep shıg`ardı.

1933-1936-jılları Moskvalıqlar Qaraqalpakstang`a kolxozshılarg`a ja`rdemge ha`m besjıllıq plannın` orınlanıwı ushın arnawlı brigada jiberdi. Paxta terimi baslang`an waqıtta 1936-jılı g`amqorlıqqa alıwshılar 10 texnik ha`m traktorshılar brigadasın jiberdi. Moskvanın` Dzerjinskiy rayonı 1933-1939-jılları avtonom respublikag`a turaqlı islew qalıw maqsetinde 20 dan ko`p injener, agronom ha`m basqada qa`nigelerdi jiberdi[1].

Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ın bunnan bılayda rawajlandırıwda Moskva qalasının` Dzerjinskiy rayonının` miynetkeshleri u`lken ja`rdem ko`rsetti. Dzerjinskiy rayonı Qaraqalpaqstang`a tuwısqanlıq g`amxorlıq ko`rsete otırıp ha`m onı o`zinin` qa`wenderligine ala otırıp, 1933-1934-jıllardın` ishinde Qaraqalpaqstang`a irrigatsiyalıq jumıslar ushın quwatlı 4 ekskovator jiberdi.

Sonday-aq materiallıq-texnikalıq jaqtan ja`rdem ko`rsetiw menen bir qatarda sovet ma`mleketi kolxoz kadrların tayarlaw ha`m ta`rbiyalaw jumıslarına u`lken dıqqat awdardı. Eki jıldın` ishinde (1933-1934-jj.) respublikamızdın` kolxozları ushın 3000 g`a jaqın kolxoz predsedatelleri, brigadirler menen traktorshılar tayınlandı. Dzerjinskiy rayonının` baslaması boyınsha «Stankolit» ha`m «Borets» zavodlarında 15 qaraqalpaq tayarlanıp, slesar` ha`m tokar` sıpatında islew ushın Qaraqalpaqstang`a jiberildi. Bunnan tısqarı Qaraqalpaqstang`a 5 vrach jiberildi.

Partiyanın` basshılıg`ında, ullı rus xalqının` ko`rsetken u`lken ja`rdeminin` na`tiyjesinde respublikamızdın` awıl xojalıg`ı ha`m barg`an sayın qayta du`zildi. Egerde 1932-jılı 57,9 protsent ka`mbag`al-ortasha xojalıqlar kollektivlestirilgen

---

[1] Акилов К.А., Гулямова М.А. Советская интеллигенция Узбекистана. Ташкент: Фан, 1968. 363-бет.

bolsa, al 1934-jıldın` aqırına kelip kollektivlestiriw 62% ke jetip, kolxozshı diyqanlardın` egislik jer maydanı 61,2 tuttı. Usının` menen bir qatarda awıl xojalıg`ının` texnikası o`sip bardı. Ma`selen, eger 1934-jılı 9 MTS ta 326 traktor bolsa, al 1935-jılı 12 MTS tag`ı traktorlardın` sanı 715 ke jetti[1], tiykarınan kolxozlardag`ı egislik jer maydanlarının` barlıg`ı derlik usı traktorlar menen islendi. Mine usılardın` na`tiyjesinde respublikamız kolxozları 1934 ha`m 1935-jılları barlıg`ı bolıp 56,497 tonna paxta, 2881 tonna jon`ıshqa tuqım tayarladı ha`m onı ma`mleketke sattı, al 1934-jılı pille tayarlaw 128% orınlandı.

Bul da`wirde Qaraqalpaqstannın` mal sharwashılıq rawajlanıwında da u`lken tabıslarg`a erisildi. Mallardın` barlıq tu`rlerinin` bas sanı 1936-jıl 1-yanvarına respublika boyınsha 344,9 mın`g`a jetti, bul 1933-jılg`a qarag`anda 3,62 mın` bas ko`p degen so`z. Solay etip, 1935-jılg`a mal sharwashılıg`ın rawajlandırıw planı tek mallardın` barlıq tu`rleri boyınsha orınlanıp g`ana qoymastan, al jılqıdan basqaları (93%) artıg`ı menen orınlandı.

Usının` menen bir qatarda, bul da`wirde ja`miyetlestirilgen kolxoz mal sharwashılıg`ın rawajlandırıw tarawında u`lken o`zgerisler boldı. 1935-jıldın` basında mallardın` barlıq bas sanının` 75 %ti kolxozlar menen sovxozlarda ja`mlendi. Kolxoz tovar formalarında mallardın` bas sanı tez o`sti, onın` tuqımı jaqsılanıw menen ol 47,6% ti quradı. «Qarako`l» sovxozında 60 mın` basqa jaqsı qara ko`l qoyları ja`mlendi.

Kolxozlar menen sovxozlardın` tabısının` o`siwi sovxoz du`zimi tarawındag`ı u`lken jetiskenlik boldı, bul kolxoz massasının` materiallıq ha`m ma`deniy da`rejesinin` artıwına alıp keldi. Eger 1933-jılı kolxozlar tabıslardı bo`listiriw waqtında ku`nine ortasha 2 kg 955 gr biyday ha`m aqshalay 1 manat 20 tiyin alg`an bolsa, al 1934-jılı kolxozshılardın` tabısları 2 eseden de arttı.

Solay etip kolxoz qırılısının` tabısları 1934-jılı kartochka sistemasın biykarlaw ha`m azıq-awqat o`nimlerin ashıq satıw ushın jag`day du`zip berdi, al partiyanın` bul ila`jları o`z gezeginde, u`lken jetiskenlik boldı ha`m elimizdin`

[1] Бекимбетов А. Ленинлик кооператив планның Қарақалпақстанда иске асыў тарийхынан. Нөкис, 1975. 55-бет.

miynetkeshler massasının` materiallıq-ma`deniy da`rejesinin` bunnan bılay da o`siwine mu`mkinshilik tuwdırdı.

Kolxozlardı sho`lkemlestiriw – xojalıq jag`ınan bekkemlewde 1935-jıl fevral`dag`ı kolxozshı ılg`allılardın` Pu`tkilsoyuzlıq II s`ezdinde qabıl etilgen awıl xojalıq artelinin` jan`a Ustavı u`lken a`hmiyetke iye boldı.

SSSR hu`kimeti ta`repinen 1930-jıl martta islep shıg`ılg`an ha`m turmısqa engizilgen kolxozlardın` birinshi Ustavının` a`hmiyeti mınalardan ibarat edi: kollektivlestiriwdin` birinshi basqıshında bul Ustav diyqan xojalıqlarg`a mayda jekke xojalıqtın` iri kollektivlik xojalıqqa o`tiw ushın jag`day du`zip berdi, kolxozlardı sho`lkemlestiriw – xojalıq jag`ınan bekkemlewde iri baza tayarlap berdi, TOZ kolxozlarınan kommunistlik ja`miyetti qurıw da`wirinde kolxoz qurılısının` tiykarg`ı forması bolg`an awıl xojalıq arteline o`tiw ushın jag`day du`zip berdi.

Kolxozshı-ılg`allılardın` birinshi s`ezdinen (1933-jıl fevral`) keyingi o`tken eki jıldın` ishinde kolxoz diyqanlarının` turmısında ku`ta` u`lken o`zgerisler boldı. Kolxozshı-ılg`allılardın` birinshi s`ezdinde partiya «Barlıq kolxozlardı bol`sheviklik, al barlıq kolxozshılardı qurg`ın etiw» wazıypasın qoydı. Hu`kimetimizdin` u`lken ja`rdeminde kolxozshılardın` o`zlerinin` pida`kerlik miynetinin` na`ta`tiyjesinde kolxozlar a`dewir o`sti ha`m bekkemlendi. Endi kolxoz qırılısının` bul tabısların bekkemlew ha`m keleshektegi kolxoz qurılısının` ta`jiriybelerin awıl xojalıg`ı artelinin` jan`a Ustavında ulıwmalastırıw za`ru`r boldı. Ustavta kolxoz jolının` miynetkesh diyqanlar ushın birden-bir durıs jol ekenligi atap ko`rsetilgen.

Hu`kimetimiz ta`repinen qabıl etilgen awıl xojalıq ertelinin` Ustavı kolxozshılardın` ja`miyetlik ha`m jekke ma`plerin durıs sa`ykeslendiriw printsipine tiykarlang`an. Bul Ustavta kolxoz massasının` huqıqların ken`eytiw menen kolxoz demokratiyasının` a`dewir ken` rawajlang`anlıg`ı ko`rsetilgen. Ustavqa muwapıq ha`m ma`mleketlik ila`jlar tiykarında 1935-jıldın` iyun` ayınan baslap, jerler kolxozlarg`a ma`n`gi ha`m pulsız paydalanıwg`a berildi. Ustav awıl xojalıq artelin kolxoz ha`reketinin` tiykarg`ı forması retinde

tastıyıqladı. Awıl xojalıg`ı artelinin` Ustavı miynet ta`rtibinin` bunnan bılay da bekkemleniwine, miynet o`nimliliginin` artıwına, kolxoz massasının` materiallıq abadanlıg`ının` jaqsılanıwına mu`mkinshilik tuwdırdı ha`m elimizdin` awıl xojalıg`ında sotsialistlik ukladtın` jen`isin ta`miyinledi.

Awıl xojalıg`ı artelinin` ustavın engiziw na`tiyjesinde Qaraqalpaqstan kolxozlarının` qanday tabıslarg`a eriskenlerin 2-ret saylang`an QQASSR Oraylıq Atqarıw Komiteti III sessiyasının` partiya Oraylıq Komitetinin` atına jibergen 1936-jıl 21-marttag`ı qutlıqlaw xatınan ayqın ko`riwge boladı. 1935-jıldın` aqırında 713 kolxozdan 120 kolxoz gektarınan 6 tsentnerden, 152 kolxoz 6 dan 8 tsentnerge shekem, 69 kolxoz 12 den 14 tsentnerge shekem, 14 kolxoz 16 dan 18 tsentnerge shekem, 5 kolxoz 18 den 20 tsentnerge shekem ha`m 3 kol`oz 20 tsentnerden aslam paxta zu`ra`a`tin berdi[1].

Usının` menen bir qatarda kolxozlardı jerlestiriw jumısları tabıslı alıp barıldı. 1935-jılı 713 kolxozdan 564 kolxozg`a jerden ma`n`gi paydalanıw haqqındag`ı ma`mleketlik akt saltanatlı tu`rde tapsırıldı.

Awıl xojalıg`ı artelinin` Ustavın qabıl etiw ha`m engiziw menen bir qatarda kolxozlardı sho`lkemlestiriw xojalıq jag`ınan bunnan bılay da bekkemlewde elimizde 1935-jıldın` ekinshi yarımında en jayg`an staxanovshılar ha`reketi u`lken a`hmiyetke iye boldı. Mine bul ha`rekette de rabochiylar menen hayal-qızlar rabochiyları staxanovshılarının` 1935-jılı noyabr`de Moskvada bolıp o`tken Pu`tkilsoyuzlıq ken`esi sho`lkemlestiriwshilik a`hmiyetke iye boldı.

Bul ken`eske Qaraqalpaqstannın` joqarı zu`ra`a`t sheberlerinen 11 adam qatnastı. Ken`eske qatnasıwshı awıl xojalıg`ının` aldın`g`ıları joqarı zu`ra`a`t ushın gu`reste ayrıqsha xızmetleri ushın Sovetler Soyuzının` ordenleri menen nagradlandı. Olar paxtashılıqtı rawajlandırıw tarawında u`lgi ko`rsetti ha`m ha`r gektardan 20 ha`m onnan da joqarı tsentnerden zu`ra`a`t alıp, ol waqıtları Qaraqalpaqstan jag`dayında bolıp ko`rkemegen zu`ra`a`t jıynadı.

Solay etip, 1936-jılı kolxoz qurılısında jan`a ha`m u`lken jen`is jılı boldı. Staxanovshılar ha`reketinin` ken`nen en jıyıwı menen bir qatarda,

---

[1] Сол мийнетте, 57-бет.

respublikamızda «jigirmanshılar» ha`m «otızshılar» ha`reketi en jayıp, olar o`z aldılarına paxtanın` ha`r gektarınan 20-30 tsentnerden zu`ra`a`t alıw wazıypasın qoydı. Bul ha`reketke 1936-jılı respublikamızdan 80 kolxozshı, 26 kolxoz brigadaları ha`m 30 zveno qosıldı[1].

Ja`miyetlik sho`lkemler hayal-qızlar arasında da u`lken jumıslar alıp bardı.

Direktivalıq organlar ta`repinen alg`a qoyılg`an wazıypalardı orınlay otırıp, hayal-qızlarda ılg`allılar ha`reketine barg`an sayın ko`plep qosıla basladı. Usının` arqasında respublikamız staxanovshılarının` arasınan bir qansha qaraqalpaq hayaz-qızları jetilip shıg`ıp, olar miynet frontında u`lgi ko`rsetti. To`rtku`l rayonı «Kraykom» kolxozı basqarmasının` ag`zası Orazımbetova Gu`ljandı mısalg`a alsaq boladı. Ol jaqsı jumıs islegeni ushın 5 ret sıylıqlandı. Bunday hayal-qızlardan Qarao`zek rayonı «Raykom» kolxozının` ag`zası Artıqova Gu`lziyranı, Kuybıshev atındag`ı kolxozdın` ag`zası Qosbergenova Biybizadanı ha`m t.b. atap ko`rsetiwge boladı.

Solay etip, Qaraqalpaqstan hayal-qızları kolxoz qurılısı ushın gu`restin` aktiv qatnasıwshıları boldı. Awıl xojalıg`ındag`ı eski texnikalıq normalardı ılaqtırıp taslap, staxanovshı miynet o`nimliligin arttırıwg`a eristi.

Sonday-aq traktorshılardın` arasınan da o`z jumısın jaqsı biletug`ın, eski is normasın ılaqtırıp taslag`an bir qansha adamlar jetilip shıqtı. Respublikada bunday jaslardan G`afur Yaqshimovtı atap o`tiwge boladı. Ol Qıpshaq MTSında traktorshı bolıp islew ushın jer su`riwdin` belgilengen normasın ha`r ku`ni artıg`ı menen orınladı. Ma`selen, 1934-jılı gu`zde jer su`riw planın u`sh ese artıg`ı menen, al 1935-jılı ba`ha`rde jer su`riw planın 200 protsentke orınladı. Paxtakeshlerdin` Pu`tkilsoyuzlıq ken`esinde hu`kimet jumısın joqarı bahalay otırıp, og`an «Hu`rmet belgisi» ordenin tapsırdı[2].

Joldas Yaqshimovtın` u`lgisi boyınsha basqa da ko`plegen traktorshılar jumıs isledi. Bunda traktorshılardan jer su`riwdin` tapsırmaların 160 protsent orınlag`an Kuybıshev MTSınan To`reev Qurbaniyazdı atap o`tiwge boladı.

---

[1] Сол мийнетте, 58-бет.
[2] Сол мийнетте, 61-бет.

Sotsialistlik mal sharwashılıg`ın rawajlandırıw tarawında da staxanovshılardın` jan`a otryadı payda boldı. Tamdı rayonının` qarako`lshilik sovxozınan Tolqaraev, Xamkeshev, Beksugirov, Da`wletnazarov qusag`an joldaslar mal sharwashılıg`ı boyınsha Pu`tkilsoyuzlıq ken`estin` delegatları bolıp, olar jaqsı jumısları ushın sovet hu`kimetinin` ordenleri menen nagradlandı.

Partiya menen hu`kimetimizdin` basshılıg`ında ha`m kolxoz diyqanlarının` pida`kerlik miynetinin` na`tiyjesinde Qaraqalpaqstan kolxoz qurılısı tarawında u`lken tabıslarg`a eristi. 1936-jıldın` aqırında kollektivlestiriw 85,7 protsentke jetip, 36,988 xojalıqtı o`z ishine aldı. Awıl xojalıg`ı artelinin` jan`a Ustavına muwapıq 1117 kolxoz tolıg`ı menen artel`ge o`tkerilip, 10,103 jekke xojalıqlar kolxozg`a kirdi. Respublikamızdın` egislik jer maydanı bul waqıtları 120 mın` gektarg`a shekem arttı. Awıl xojalıg`ında 745 traktorı bar 14 MTS sho`lkemlestirilip, olar barlıq kolxoz jerinin` 90,8 protsentin su`rdi[1].

Awılda kolxoz turmısın bekkemlew ha`m onı bunnan bılay da gu`llendiriwde jan`adan qabıl etilgen SSSR Konstitutsiyası u`lken a`hmiyetke iye boldı. Bunda 1924-1936-jıllardın ishinde elimizdin`, sonın` ishinde Karaqalpaqstan miynetkeshlerinin` ekonomikası menen klasslıq du`zilisindegi ku`ta` u`lken o`zgerisler ko`rsetildi ha`m bekkemlendi.

[1] Қарақалпақстан АССР тарийхы. Нөкис, 1989. 255-бет.

## EKİNShİ BO`LİM

## RESPUBLIKANIN` AWIL XOJALIQ KADRLARIN TAYARLAWDA MTSLARDIN` ROLI: JETISKENLIKLER, MASHQALALAR

Qaraqalpaqstan miynetkeshleri birinshi bes jıllıqtın` basında awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda a`dewir tabıslarg`a eristi. Egislik maydanı 1924-25-jıllardag`ı 58074 desyatinadan 1926-27-jıllarda 61272 desyatinag`a, paxtanın` egislik maydanı 1913-jılg`ı 9215 desyatinadan 22453 desyatinag`a jetti.

Xalıq xojalıg`ın rawajlandırıwdın` birinshi bes jıllıq jobasında burın artta qalg`an milliy respublikalardı, sonın` ishinde Qaraqalpaqstandı ekonomikalıq ha`m ma`deniy jaqtan ko`teriwge og`ada u`lken kewil bo`lindi. Partiya XV s`ezdinin` ha`wlisinde: «Bes jıllıq joba artta qalg`an u`lkelerdin` ekonomikası menen ma`deniyattın` ko`teriw ma`selelerinde ayrıqsha dıqqat awdarıwı tiyis, bunda olardın` ekonomikalıq ha`m ma`deniy jaqtan artta qalıwshılıg`ın saplastırıwg`a tiykarlanıw za`ru`r», - dep atap o`tildi.

Birinshi bes jıllıqtın` ulıwma wazıypalarına tiykarlana otırıp, Qaraqalpaqstan wa`layatlıq atqarıw komitetinin` prezidiumı u`lkede awıl xojalıg`ın rawajlandırıw haqqında qarar qabıl etip, onda: «Awıl xojalıg`ı tarawında baslang`an qayta tiklew protsesi bunnan bılay da tez pa`t penen rawajlanatug`ının moyınlaw o`ytkeni diyqanlardın ko`p ekenligi ha`m olardı ta`miyinle aldag`ı bes jıllıqta miynet xorların tolıq da`rejede paydalanıw mu`mkinshiligin beredi.

Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wa`layatı awıl xojalıg`ın rawajlandırıwdın` perspektivalı jobasında awıl xojalıg`ı, tog`ay ha`m suw xojalıg`ı ja`ne agronomiyalıq ha`m veterinariyalıq sanalardı sho`lkemlestiriw boyınsha alıng`an bag`dar durıs dep ko`rsetilsin, oblplannın` awıl xojalıg`ı sektsiyasın wa`layatlıq jer basqarması menen birge jobanı tolıqtırıw retinde diyqan xojalıqların ta`rtiplestiriw ma`selesinde og`an anıqlıqlar engizilsin ha`m

keleshek jag`day esapqa alınıp rayonlar boyınsha tallaw jasawdı a`melge asırıw usınıs etilsin» - dep eskertildi.

Wa`layatlıq atqarıw komitetinin` qararında bunnan aldın, Karaqalpaqstanda paxtashqlıqtı bunnan bılayda rawajlandırıw, irrigatsiya jumısların ku`sheytiw jolı menen suwg`arıp egiletug`ın egislik maydanlardı ken`eytiw sonday-aq jon`ıshqalıqtı, qarako`lshilikti, pilleshilikti ha`m tag`ı basqalardı rawajlandırıw ku`ta` a`hmiyetli wazıypa bolıp tabıladı, dep atap o`tildi.

Xalıq xojalıg`ın rawajlandırıwdın` birinshi bes jıllıq jobasında awıl xojalıg`ı tuwralı ayta kelip, Qaraqalpaqstanda awıl xojalıg`ı kadrların tayarlaw mashqalasına toqtap o`tiw za`ru`r.

Ullı Oktyabr` sotsialistlik revolyutsiyası xalıq penen bekkem baylanısqan kadrlar tayarlaw ushın barlıq mu`mkinshiliklerdi du`zdi.

Partiyanın` XV ha`m XVI s`ezdlerinin` sheshimleri awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawda a`hmiyetli rol` atqarıp, olarda kolxozlar menen sovxozlardın` awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawdın` konkret ilajları belgilengen edi. A`sirese kolxozlar menen sovxozlardın` jasların awıl xojalıg`ı joqarı oqıw orınlarında ha`m texnikumlarg`a ken`nen tartıw za`ru`rligi atap ko`rsetildi.

Partiya s`ezdlerinin` bul ko`rsetpeleri milliy respublikalar ushın sonın` ishinde Oktyabr` revolyutsiyasına deyin awıl xojalıg`ı qa`nigeleri bolmag`an Qaraqalpaqstan ushın da a`sirese u`lken a`hmiyetke iye boldı.

Qaraqalpaqstan jag`daylarında awıl xojalıg`ı kadrların tayarlaw og`ada qıyınshılıq penen o`tti, o`ytkeni miynetkeg xojalıqtın` ma`deniy da`rejesinin` artta qalıwı, xalıq arasında sawatsızlıqtın` basım orın alıwı bul mashqalanı sheshiwde u`lken qıyınshılıq tuwdırdı.

Gu`nde, mala ha`m ketpennen basqanı bilmeytug`ın diyqanlar qospalı awıl xojalıg`ı mashinalarınan paydalanıwdı u`yreniwi tiyis edi. Sovxozlardın` ha`m MTSlardın` du`ziliwi menen awıl xojalıg`ı kadrların qa`liplestiriw jobalı sıpatqa iye boldı. Jan`a jag`day agronom aldına u`lken talaplar qoyıp, ayrıqsha juwapkershilikler ju`kledi.

Awıl xojalıg`ı qa`nigelerdin` keskin jetispewine baylanıslı VKP(b) Qaraqalpaqstan wa`layatlıq komiteti 1929-jıldın` basında awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawdın` 1929-1930-jıllarg`a belgilengen to`mendegi jobasın qabıl etti.

1. Qaraqalpaqstannın` tısqarısınan awıl xojalıg`ı qa`nigeleri shaqırılsın.

2. Mamanlıqtı atqarıw ushın ha`r qıylı kurslar ashılsın.

3. Awıl xojalıg`ı boyınsha agronomiya institutı sho`lkemlestirilsin.

1929-jılı wa`layatta 15 agronomiyalıq-veterinariyalıq punkt bolıp, olarda ja`mi 16 qa`nige jumıs issledi, biraq bull pu`tkilley jetkiliksiz edi. 1929-30-jılları Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wa`layatı ushın awıl xojalıg`ı tarawları boyınsha ja`mi 75 agronom tayarlaw belgilenip, usı maqsetke 118 mın` manat ajıratıldı. Wa`layatta agronomiyalıq-veterinariyalıq punktlerdin` tarawı jıl sayın ko`beyip bardı. 1930-jılı olardın` sanı 4 ke jetip, olarda 32 adam jumıs islegen bolsa, al 1931-jılı usınday 30 punkt bolıp olardag`ı qa`nigelerdin` sanı 157 adamg`a jetti.

Birinshi bes jıllıqta awıl xojalıg`ı kadrların tayarlaw ushın jan`a kurslar ha`m texnikumlar ashıldı. 1925-jılı ashılg`an To`rtku`l awıl xojalıg`ı texnikumı awıl awıl xojalıg`ı kadrların tayarlaytug`ın tiykarg`ı oqıw ornına aylandı. Texnikumda tayarlıq ha`m tiykarg`ı kurslar boldı.

Da`slepki waqıtları texnikumda qa`nige oqıtıwshılar jetispedi. Elimizdin` aldın`g`ı respublikaları Qaraqalpaqstang`a og`ada u`lken ja`rdem ko`rsetti. RSFSR dan Orlov, Buev, Rjinovskiy, Vitkovskiy, Moyatskiy, Qazaqstannan İlol Baymag`ambetov, Ustenov, Jamaxmetov ha`m basqa da ko`plegen kadrlar keldi. To`rtku`l awıl xojalıg`ı texnikumın birinshi pitkerip shıg`ıw resimi 1931-jlı bolıp o`tti. 24 adam o`z qa`nigelikleri boyınsha diplomlar aldı. Olardın` arasında P.Seytov, O.Nurımbetov, E.Mamatov, O`.Qurbanov, X.Xalmuratov ha`m t.b. bar edi.

Burıng`ı shopanlar P.Seytov (1909-j.) awıl xojalıg`ı texnikumın pitkergennen keyin wa`layatlıq jer basqarmasında baslıqtın` orınbasarı bolıp isledi. 1933-jılı ol Shabbaz (ha`zirgi Beruniy) rayonlıq jer bo`liminin` men`geriwshisi bolıp tayınlandı. 1934-jılı P.Seytov Xojeli rayonlıq atqarıw komitetinin` baslıg`ı bolıp saylandı. 1963-jıldan baslap Tashkent qalasında

O`zbekstan SSR hu`kimetinin` janındag`ı Qaraqalpaqstan ASSRının` turaqlı wa`kili boldı. 1937-1938-jıllarda ol Qaraqallpaqstan diyqanshılıq xalıq komissarı bolıp isledi. Son`ınan P.Seytov O`zbekstan KP Qaraqalpaqstan obkomnın` sekretarı bolıp saylandı.

1940-1941, 1950-1951 ha`m 1952-1954-jılları ol Moskvada KPSS Oraylıq Komiteti janındag`ı Joqarı partiya mektebinin` tın`lawshısı boldı. Son`g`ı jıllarda Qaraqalpaqstan ASSR Ministrler Sovetinin` baslıg`ı wa`layatlıq partiya komitetinin` birinshi sekretarı bolıp isledi. Eki «Hu`rmet belgisi» ordeni, ko`plegen medal`lar menen nagradlandı. Lawzımlı jumıslarg`a usınılg`anlardın` bir qatarı Qaraqalpaqstannın` sud ha`m prokuratura uyımlarında jumıs isledi. Olardın` biri Esemurat O`ta`mbetov bolıp, ol 1907-jılı Taxtako`pir rayonında tuwılg`an. 1931-1943-jılları ol İshki isler xalıq komissarlıg`ının` Taxtako`pir rayonındag`ı uyımlarında qılmıstı ashıw jumıslarında son` rayonlıq prokuror xızmet ornında isledi. Watandarlıq urıstın` qıyın paytında ol respublika yustitsiya xalıq komissarı bolıp tayınlandı. Onın` bul tarawg`a basshı bolıp keliwi menen yustitsiya ha`m sud uyımların sho`lkemlestiriw jumıslarının` jag`dayı pu`tkilley jaqsılandı, ma`mleketlik ha`m miynet ta`rtibi bekkemlendi. Jınayatshılıqtın` tiykarg`ı tu`rleri boyınsha jaza qollanıw ilajları ku`sheytildi. 1945-jılı yustitsiya xalık komissarlıg`ı xızmetkeri «Sovet yustitsiya» tank kolonnasın du`ziw ushın 20000 manat jıynadı. Arxiv hu`jjetleri arasında E.O`ta`mbetovtın` atına tank a`skerleri general-mayorı Linodaevtan kelgen telegramma saqlanıp onda Qaraqalpaqstan respublikası Yustitsiya xalıq komissarlıg`ı, Joqarg`ı sudı, advokaturası ha`m xalıq sudları xızmetkerleri jıynag`an qarjıg`a tank kolonası du`zilip, tank a`skerleri general-mayorı Shoroxovtın` № 34410 dala pochtası jawıngerlerine berilgenligi aytıldı.

E.O`ta`mbetov o`mirinin` aqırına deyin yustitsiya uyımlarında jumıs isledi ha`m hadal miyneti ushın Miynet qızıl bayraq ordenleri O`zSSR ha`m QQASSR Joqarg`ı Sovetlerinin` Hu`rmet jarlıqları menen nagradlandı. E.O`ta`mbetovtın` zamanlas qatarı Habibnazar Abutov pu`tkil o`mirin yuristlik jumısqa arnaldı. Ol gedey diyqan shan`arag`ınan shıqqan. 1916-jılg`ı ashlıqqa baylanıslı onın` ata-

anası Tu`rkmenstang`a ko`ship ketip, 1921-jılg`a deyin ha`r qıylı adamlardın` esiginde jallanıp jumıs isledi. Habibnazardın` o`zi de 14 jasınan baslap Tashawız wa`layatı Porsı rayonının` 3-awılında jallanıp batrak bolıp jumıs isleydi. 1926-jılı awıl xojalıg`ı kredit sherikligi basqarmasının` ag`zası ha`m xatshısı bolıp saylandı, sonın` menen bir waqıtta batrachkomnın` ja`rdemi menen o`zinin` sawatın ashıp aladı. Sawatsızlıqtı saplastırıw boyınsha oqıwshılarg`a qatnasıw menen birge kolxozlar du`ziw isine qatnasadı.

1930-jılı miynet otpuskası waqtında H.Abutov tuwılg`an jeri Qon`ıratqa kelip, u`ylenedi ha`m usı jerde sem`yası, ata-anası menen birge turaqlı jasap qaladı. Usı waqıttan baslap, ol awıl ken`estin` xatshısı bolıp jumıs isley baslaydı ha`m awıl xojalıg`ının` kollektivlestiriw isine belsene qatnasadı. 1932-jılı ol To`rtku`l qalasında altı aylıq Yuristlik kursın, onnan keyin Tashkente yuristlik kurslardı pitkeredi. 1932-jıldan baslap, o`mirinin` aqırına deyin ol sud ha`m prokuratura uyımları sistemasında xızmet atqardı. Rayonlıq sud`yalıqtan respublikamızdın` Yustitsiya ministri da`rejesine deyin o`sip jetisti. Sud ha`m prokuratura uyımlarında jumıs islep, H.Abutov respublikamızdın` xalıq xojalıg`ın rawajlandırıw isine belsene qatnastı. Ol o`zinin` jumısın pu`tkil xalıqtın` turmısı menen tıg`ız baylanıstırdı, respublikalıq baspa so`z uyımlarında o`z maqalaları menen ko`zge tu`sip turdı ha`m jigerli jumısshı xabarshı boldı. Ol maqalalarında qaraqalpaq qızlarının` huqıqların qorg`adı. Baspa so`zde o`z maqalaları menen belsene qatnasqanı ushın Qaraqalpaqstan respublikası Joqarg`ı Soveti Prezidiumının` Hu`rmet gramotası menen nagradlandı. Yustitsiya uyımlarındag`ı jemisli jumısı ushın ol «Hu`rmet belgisi» Miynet Qızıl Bayraq ordenlerin O`zbekstan SSR ha`m Qaraqalpaqstan ASSR Joqarg`ı Sovetleri Prezidiumlarının` 8 hu`rmet gramotasın alıwg`a ılayıqlı boldı. Usı da`wirge O`tegen Qurbanovtın` o`mir jolı ayqın mısal bolıp tabıladı. Ol 1903-jılı ka`mbag`al sem`sında tuwılg`an. Ata-anası 1916-jılı bala segiz jasqa shıqqanda qaytıs boladı. O`.Qurbanov balalar u`yinde ta`rbiyalanadı, al 1925-jılı awıl xojalıg`ı texnikumına oqıwg`a kirip, onı 1031-jıl pitkeredi. Sol payıttan baslap O`.Qurbanov Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ında jigerli miynet etedi. Pida`kerlik

miyneti ushın ol O`zSSR ha`m QQASSR Joqarg`ı Sovetleri Prezidiumının` Hu`rmet gramotaları menen, sonday-aq «Miynette ayrıqshalıg`ı ushın» medalı menen nagradlanadı.

30-jıllardın` basında To`rtku`ldegi awıl xojalıg`ı texnikumında Tashkenttin` Alma-atanın`, Moskvanın` ha`m elimizlin` basqa qalalarının` joqarı oqıw orınlarında bilim alg`an oqıtıwshılar sabaq bere basladı. Solardın` biri B.A.Ziynaliev edi. B.A.Ziynaliev 1907-jılı Qon`ıratta ka`mbag`al qaraqalpaq sem`yasında tuwıladı. Qaraqalpaqstanda tek Sovet ha`kimiyatının` ornawı menen g`ana ol oqıy basladı. Bilimdi ol u`lken tilek penen o`zlestirdi ha`m komsomol sho`lkeminin` jumısına belsene qatnastı. Mektepti tamanlag`annan keyin 1924-jılı B.A.Ziynaliev Qon`ırat qalalıq komsomol komitetinin` birinshi sekretarı bolıp saylandı.

Oqıwda ha`m ja`miyetlik jumısta ko`zge tu`sken qaraqalpaq jaslarının` qatarında wa`layatlıq komsomol komiteti B.Ziynalievti Orta Aziya ma`mleketlik universitetinin` rabfagine oqıwg`a jiberdi. Rabfaktı tabıslı tamamlap, B.A.Ziynaliev Qaraqalpaqstang`a qaytıp keldi ha`m To`rtku`l awıl xojalıg`ı texnikumının` bo`lim baslıg`ı bolıp tayınlanadı. Ol o`zinin` barlıq bilimin qaraqalpaq milliy kadrların tayarlaw isine A`miwda`r`yanın` to`mengi jag`ında ilimdi rawajlandırıw ushın baza du`ziwge jumsadı. 1933-jılı Ziynaliev To`rtku`lde du`zilgen Qaraqalpaqstan ilim-izertlew institutına ilimiy xızmetker etip o`tkerildi. 1939-1944-jılları B.A.Ziynaliev To`rtku`l finans kombinatına, To`rtku`l finans texnikumının` bo`limine Qaraqalpaq ma`mleket baspasının` bo`limine basshılıq etedi. Sonın` menen birge ol sovet-partiya mektebinde ha`m pedagogikalıq institutta oqıtıwshılıq jumısın da alıp baradı. B.A.Ziynaliev 1944-jıldan 1967-jılg`a deyin sherek a`sir derlik Qaraqalpaqstan kolxozları ha`m sovxozları ushın kadrlar tayarlawg`a bar ku`shin jumsadı. No`kis awıl xojalıg`ı texnikumının` bo`limine basshılıq etti. Atap aytqanda, usı da`wirde onın` oqıtıwshılıq ha`m jaslardın` ustazı degen talantı ayqın ko`zge tu`sedi, ol mın`lag`an jas agronomlarg`a, zootexniklerge, awıl mexanizatorlarına turmısqa jollama berdi. Pida`kerlik miyneti ha`m awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawdag`ı

u`lken xızmetleri ushın ol ko`plegen medal`lar. Qaraqalpaqstan ASSR Joqarg`ı Soveti Prezidiumının` Hu`rmet gramotaları menen nagradlandı, og`an Qaraqalpaqstan ASSRına miyneti sin`gen agronom hu`rmetli atag`ı berildi. 1931-jıldan 1938-jılg`a deyin To`rtku`ldegi awıl xojalıg`ı texnikumı jergilikli milliy wa`killerinen 80 agronom ha`m zootexnik tayarladı. Biraq ol awıl xojalıg`ı kadrlarına bolg`an talaptı qanaatlandıra almadı. Xalık xojalıg`ı ushın kadrlar tayarlawda qısqa mu`ddetli kurslar u`lken a`hmiyetke iye boldı. 1929-1930-oqıw jılında usınday 17 kurs sho`lkemlestirilgen edi. 1930-1931-oqıw jılında ha`r qıylı 28 kurs jumıs islep olarda 1864 adam oqıdı.

Wa`layatlıq partiya komitetinin` intası boyınsha jergilikli awıl xojalıg`ı qa`nigeleri o`zlerinin` mamanlıg`ın arttırıw ha`m basqa da respublikalardın` mashina traktor stantsiyalarına jiberildi. Ma`selen X.Xalmuratov 1931-jıldın` aqırında Voronej wa`latının` Kantemir MTSına jiberiledi. 1938-jılı İ.S.Ershov Tashkent qalasında usınday kursta oqıp qayttı. İ.S.Ershov 1918-jılı tuwılg`an, RSFSRdın` Kirov wa`layatının` Sovel`sk awıl xojalıq texnikumın pitkergen. Onı pitkergennen keyin SSSR diyqanshılıq xalıq komissariatının` buyrıg`ına muwapıq jon`ıshqa boyınsha agronom etip, Qaraqalpaqstang`a jiberiledi. Ja`ne bul jerde ol o`mir boyı qalıp, qaraqalpaq xalqının` iygiligine miynet etti. 1929-jılı kollektivlestiriwdi o`tkeriwge ja`rdemlesiw ushın jigirma bes mın`shılar Qaraqalpaqstang`a keldi. Sol kelgenlerdin` arasında Sorokin Xlıstov, Tsigonov, Kamıshanskiy, Kuznetsov, Danilov ha`m basqa da ko`plegen joldaslar boldı. Orta Aziyanın` awıl xojalıg`ı joqarı oqıw orınları ha`m texnikumları awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawda a`dewir rol` atqardı. 1929-jıl Tashkent politexnikumı Qaraqalpaqstan ushın 4 orın ajırattı.

Awıl xojalıg`ın kollektivlestiriw ha`m onın` texnikalıq bazasın rekonstruktsiyalaw, sovxozlar ha`m MTSlar tarawının` pa`tli o`siwi, awıl xojalıg`ı o`ndirisindegi barlıq tarawlardın` ko`teriliwi kadrlardı talaba tayarlawdı talap etti.

Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wa`layatında traktorshılar kursları ashılıp olarg`a tiykarınan jergilikli millet wa`killeri qabıl etildi. 1931-jıldın` aprelinde

Shımbayda 150 adam traktorshılar kursın tamamladı. To`rtku`l`de paxtashılıq texnikumının` janında da u`sh aylıq traktorshılar kursları ashıldı. Qıpshaqta 1932-jılı traktorshılar kurslarında 95 adam oqıdı. 1932-jıldın` ba`ha`rgi egis mapazına Qaraqalpaqstan boyınsha 1768 ha`r qıylı awıl xojalıg`ı kadrların tayarlaw jobalastırıldı. Kanikul ku`nlerinde studentler sharwalarg`a og`ada u`lken ja`rdem ko`rsetti. VKP(b) Oraylıq Komiteti Orta Aziya byurosı atqarıw komitetinin` 1932-jıl 29-fevral`dag`ı qararı menen studentlerden 10 brigada sho`lkemlestirildi. Olardın` ha`r birinde on adam boldı, kolxozlarda partiyalıq g`alaba jumıstı janlandırıw ushın bul mol sharwashılıq rayonlarına jiberildi. On brigadanın` birewi 10 adam quramında Qon`ırat rayonına keldi. 1932-jılı awıl xojalıg`ı ushın g`alaba mamanlıqtag`ı ha`r qıylı qa`nige 1500 adam awıl xojalıg`ı ushın tayarlandı, sonnan 597 adam traktorshı 50 adam brigadir-sharwa, 489 adam esapshı, 45 adam suwshı ha`m tag`ı basqalar bar edi. 1933-jılı awıl xojalıg`ının` ha`r qıylı qa`nigeligi boyınsha 3323 adam tayarlandı. Kadr tayarlaw islerin diyqanshılıq xalıq komissariatı, Traktor orayı, suw xojalıg`ı, pilleshilik awqamı, trest OBV ha`m sovxozlar ju`rgizdi. 1932-jılı Qaraqalpaqstanda traktorlarının` ulıwma sanı 207 ge jetken 6 MTS boldı. 1931-jılı 244, 1932-jılı 554 traktorshı tayarlandı. XTRTs siseteması boyınsha sho`lkemlesken paytınan baslap, 1931 ha`m 1932-jılları 218 ha`r qıylı awıl xojalıg`ı qa`nigeleri tayarlandı (traktorlardan basqa). Birinshi bes jıllıq da`wirinde Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ı kadrların qa`liplestiriw derekleri haqqındag`ı ma`sele a`sirese keskin qoyıldı. O`ytkeni rawajlanıp atırg`an paxtashılıq maman jumısshı ku`shine mu`ta`j boldı. Bunda jigirma bes mın`shılar og`ada u`lken ja`rdem ko`rsetti. Ma`lim bolg`anınday, VKP(b) Oraylıq Komitetinin` 1929-jıl noyabr` Plenumı jaqın aylardın` ishinde jumıs islew ushın kolxozlarg`a, mashina-traktor stantsiyalarına jeterli da`rejede sho`lkemlestiriw siyasiy ta`jiriybesi bar keminde 25 mın` jumısshının` awılg`a jiberiw tuwralı sheshim qabıl etti.

Partiya ha`m hu`kimet Qaraqalpaqstang`a u`lken ja`rdem ko`rsetti, maman qa`nige kadrlardı, sovet ha`m partiya xızmetkerlerin, MTSlardın` siyasiy

bo`limlerinin` xızmetkerlerin jiberdi, olardın` ko`bisi bunnan bılay turaqlı tu`rde QQASSRda islep qaldı. Ma`selen olardın` arasında N.S.Anisiforov, G.İ.Gavrilov, İ.S.Ershov, P.Vinnikov, Z.M.Meniaxmedov, V.M.Dontsov, P.T.Karpov, Shikmanov, Ya.F.Vırva, F.Z.Kovalenko, V.A.Uzkov, K.E.Zalevskiy ha`m t.b. Qaraqalpaqstanda ko`plegen juwapkerli lawazımda jumıs islep, jemisli miynetleri menen ko`zge tu`sti. Ya.F.Vırva (1913-1967) zinin` pu`tkil o`mirin irrigatsiyalıq sistemalardın` qurılısına, Qaraqalpaqstan ASSRının` awıl xojalıg`ın rawajlandırıwg`a bag`ıshladı. Tashkenttegi irrigatsiya texnikumın pitkergennen keyin 1934-jılı kelip, o`zinin` miynet jolın texnik irrigator bolıp jumıs islewden basladı. Son`g`ı jıllarda raykomxozdın` baslıg`ı, rayonlıq partiya komitetinin` sekretarı, suw xojalıq ministri bolıp isledi.

Partiya ha`m hu`kimet kolxozshı diyqanlardan milliy intelligentsiya kadrların tayarlawg`a og`ada u`lken dıqqat awdardı. Solardın` biri Artıq Baltabaev (1908-j.) traktorshılar kursın pitkergennen keyin brigada mexanigi bolıp jumıs isley basladı. 1945-jılı Ullı Watandarlıq urısqa qatnastı ha`m medal`lar menen nagradlandı. Urıs tamamlang`annan keyin To`rtku`l MTSının` janında qadag`alawshı mexanik bolıp isledi. MTS direktsiyası onı Tashkentke mamanlıqtı arttırıwdın` bir jıllıq ha`m u`sh aylıq kurslarına jiberdi. To`rtku`l MTSının` bas injeneri bolıp isledi. Jumısta erisken u`lken ha`m ayrıqsha tabısları ushın Sotsialistlik Miynet Qaharmanı degen joqarı ataqqa ılayıqlı boldı.

Kolxozshı diyqanlardın` ko`plegen wa`killeri joqarı bilim alıp, kolxoz o`ndirisin rawajlandırıwg`a ha`m awıl xojalıg`ı qa`nigelerin tayarlawg`a u`lken u`les qostı. Qon`ırat rayonının` Sorko`l awılınan diyqan ulı Sadulla Nurabıllaev (1910-1971) solardın biri edi. To`rtku`l pedagogikalıq texnikumında ha`m Orta Aziya paxtashılıq-irrigatsiya politexnikalıq institutında teoriyalıq tayarlıqtan ayrıqsha bahalar menen o`tip, ol 1936-jılı Qaraqalpaqstannın` en` uzaqtag`ı rayonlarının` biri Qarao`zek rayonında, bul jerde joqarı mamanlıqtag`ı kadrlarg`a talap og`ada joqarı bolıp, awıl xojalıg`ı o`ndirisin sho`lkemlestiriwshiler jetispeytug`ın edi. Qatardag`ı agronom bolıp islewden baslap S.Nurabıllaev tez arada rayonnın` atqarıw komitetinin` baslıg`ı

lawazımına ko`terildi. 40-jıllarda ol wa`layatlıq partiya komitetinin` bo`lim baslıg`ının` orınbasarı olıp isledi. O`zbekstan KP Oraylıq Komiteti janındag`ı eki jıllıq partiya mektebinde oqıdı. Wa`layatlıq partiya komiteti S.Nurabıllaevtı talay ret xojalıq, sovet ha`m partiyalıq qurılıstın` ayrıqsha a`hmiyetli uchastkalarına jiberdi, ol joqarı teoriyalıq tayarlıqtan o`tken ha`m jaqsı sho`lkemlestiriw uqıbına iye bolg`an basshı talap etilgen orınlarda miynet etip usı joqarı isenimdi ba`rha` inabatlı aqladı, o`zinin` barlıq ku`shin partiyag`a ha`m xojalıqqa xızmet etiwge jumsdı. Paxta tazalaw zavodının` direktorı, avtonomiyalı respublikanın` awıl xojalıq ministrliginin` orınbasarı, Qaraqalpaqstan ASSR Xalıq Komissarlar Ken`esi baslıg`ının` orınbasarı, Qon`ırat rayonlıq partiya komitetinin` birinshi sekretarı bolıp islegen Sadulla Nurabıllaevtın` jigerli miyneti «Hu`rmet belgisi» ordeni menen, ko`plegen medallar, O`zbekstan SSR ha`m Qaraqalpaqstan ASSR Joqarg`ı Soveti Prezidiumlarının` hu`rmet gramotaları menen belgilenedi. Kolxoz kadrların du`ziw – delingen VKP(b) XIV s`ezdinin` ha`wlisinde, - kollektivlestiriwdi bekkemlewdin` ku`ta` a`hmiyetli sha`rtlerinin` biri boldı. Kolxozshılardın` o`zleri arasınan jan`a kadrlar jetistiriw kolxoz kadrların du`ziw jumısının` tiykarı bolıwı tiyis. Sonday-aq bul is kolxozlarg`a jiberilgen 25 mın` jumısshının` ku`ta` a`hmiyetli wazıypalarının` biri bolıp olardın` ko`bisi o`zlerin kolxoz xojalıg`ının` a`jayıp sho`lkemlestiriwshileri retinde ko`rsetti, al olardın` kolxozshılar arasınan jan`a kadrlar tayarlap shıg`arıwg`a ayrıqsha kewil bo`lgenleri u`lken abroyg`a eristi. Partiya jaqın eki-u`sh jıldın` ishinde jumısshılardın` ja`rdemi menen kolxozshılar arasınan ko`p mın`lag`an sheber sho`lkemlestiriwshi talantlardın` o`sip shıg`atug`ınlıg`ına olardın` awıl xojalıg`ında sotsializm du`ziwshiler bolıp jetisetug`ınlıg`ına tiykarlandı. Qaraqalpaqstanda sotsialistlik sanaattın` rawajlanıwı awıl xojalıg`ın ko`teriw ushın jag`day du`ziw tiyis boldı. Respublikada awıl xojalıg`ı o`ndirisin mexanizatsiyalastırıw ku`shin pa`t penen ju`rgizildi. Bunın` barlıg`ı xızmetkerlerdi talap etti. Usıg`an baylanıslı tuwısqan respublikadan jardemge 1933-jılı Qaraqalpaqstan kolxozlarına maman kadrlar: 615 traktorshı, 538

diyqanshılıq brigada baslıg`ı, 70 sharwa brigada baslıg`ı, 450 esapshı ha`m tag`ı basqalar keldi. Eki jıl ishine kolxozlar ushın 3000 ha`r qıylı maman qa`nigeler tayarlandı.

Eger 1932-jılı 289 traktorı menen 6 MTS bolg`an bolsa, al 1934-jılı 445 traktorı bar, 9 mashina traktor stantsiyası boldı. Awıl xojalıg`ın mexanizatsiyalastırıw, iri xojalıqtı ju`rgiziwdin` sotsialistlik usılları menen formaların o`zlestiriw wazıypasın sheshiw ushın ekinshi bes jıllıq da`wirinde Qaraqalpaqstanda jergilikli miynetlerden maman qa`nigeler tayarlaw ma`selesi keskin bolıp ku`n ta`rtibinde turadı. Awıl xojalıg`ı aldına ekinshi bes jıllıq joba qoyg`an og`ada u`lken ha`m qıyın wazıypalar kolxozlardan, MTSlar, sovxozlar ha`m rayonlıq partiya sovet uyımlarınan sawatlı ha`m ken` siyasiy oy o`risin ja`ne awıl xojalıg`ı jo`ninde jetkilikli tu`rde bilimge iye bolg`an basshı xızmetkerlerdi talap etti. Awıl xojalıq kadrların tayarlaw ushın respublikada traktorshılardın` ha`m brigada-mexaniklerinin` to`rt aylıq mektepleri du`zildi. 1934-jılı To`rtku`l qalasındag`ı traktorshılar mektebin 57 adam pitkerip shıqtı. Xojeli MTS janında du`zilgen traktorshılar kursı 62 adam tayarlap shıg`arıp, sonın` 57 er adam, ha`r besewi hayal-qızlar. Shımbay qalasında du`zilgen traktorshılar kursın 64 adam pitkerip shıqtı, sonın` 61 er adam, u`shewi hayal-qızlar boldı. To`rtku`l qalasındag`ı brigada mexaniklerinin` mektebin 44 adam pitkerip shıqtı. Usı mekteplerde ja`mi 364 adam tayarlandı. 1935-jıldın` iyuninde QQASSR diyqanshılıq xalıq komissariatının` janında instruktor kadrlar, buxgalter ha`m MTSlardın` ja`ne kolxozlardın` basqa da xızmetkerlerin tayarlaw boyınsha 6 aylıq kurslar ashılıp, olardı 1935-jıldın` sentyabrinde 12 adam pitkerip shıqtı. Avtonomiyalı respublikanın` awıl xojalıg`ın rawajlandırıwg`a ha`m bekkemlewge ko`p ku`sh salg`an kolxoz qurılısına qatnasıwshılardın` arasında B.A`miynov (1912-1971) u`lken abroyg`a iye boldı. Berdi A`miynov Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ı uyımlarında 1930-jıldan isley basladı. Xiywadag`ı awıl xojalıq texnikumın tamamlag`annan keyin 1937-jılı ol Sarıbiy MTSnın` u`lken agronomı etip tayınlandı, ol azg`ana waqıttan keyin Qaraqalpaqstan ASSR diyqanshılıq xalıq komissariatının` u`lken agronomı

boldı. B.A`miynov 14 jıldan aslam waqıt dawamında MTS direktorı bolıp isledi. Onın` ha`r jaqlama rawajlang`an sho`lkemlestiriwshilik uqıbı, adamlar menen islesiwi, biliw sheberligi usı da`wirde kolxoz basqarma baslıg`ı Qaraqalpaqstan sovxozlar trestinin` basqarıwshısı QQASSR awıl xojalıg`ı ministri bolıp tabıslı islegen son`g`ı jıllarda ayqın ko`rindi.

Beruniy rayonında paxtashılıqtı rawajlandırıwg`a ha`m awıl xojalıg`ı o`ndirisin mexanizatsiyalastırıwg`a B.A`miynovtın` qosqan u`lesi a`sirese u`lken boldı, bul jerde ol MTS direktorı, Ordjonikidze atındag`ı kolxozdın` baslıg`ı, «O`zsel`xoztexnikanın`» rayonlıq bo`limnin` basqarıwshısı bolıp isledi. Ol rayonlıq barlıq xojalıqların mexanizatsiya quralları menen ta`miyinlewge, awıl xojalıq texnikasının` remontlaw bazasın du`ziwge, maman mexanizator kadrlar tayarlawg`a u`lken u`les qostı.

B.A`miynovtın` miyneti joqarı bahalandı. Ilg`allı miyneti ha`m Qaraqalpaqstan ASSRının` awıl xojalıg`ın ko`teriwge belsene qatnasqanı ushın Miynet Qızıl Bayraq ordenine ha`m bir neshe medal`larg`a miyasar boldı. Qaraqalpaqstanda o`zinin` injener, vrach, geolog, zootexnik, agronom karların ja`ne jigerli basqa da qa`niygeler tayarlaytug`ın arnawlı joqarı oqıwları boldı. Al qolda bar oqıw orınları ha`m kurslar respublikanın` talapların qanaatlandıra almadı. Sonlıqtan ha`r jılı barg`an sayın ko`p mug`dardag`ı jaslar Tashkenttin`, Samarqandtın`, Moskvanın`, Leningradtın` joqarı orınlarına jiberilip turdı.

Awılg`a kerekli bolg`an kadrlar joqtın` qasında edi. Al, Qaraqalpaqstanda bolsa, jan`a g`ana eldi sawatlandırıp atırg`an da`wirde ulıwma kadr ma`selesi olardı tayarlaw baslı ma`sele edi. Respublika sho`lkemlesken kolxozlar ushın en` a`piwayı kadrlar da joq edi. Sho`lkemlesken kolxozlardın` materiallıq-texnikalıq bazı, ata-babamız qollang`an qural-saymanlardan basqa hesh na`rse joq edi. Sovet ma`mleketinde o`tkerilgen industrializatsiya na`tiyjesinde awıl xojalıg`ının` texnikalıq bazasın bekkemlewge bag`dardı islep shıg`ıw mu`mkinshiligin aldı. Elimizge 30-jıllardın` basınan baslap traktorlar ha`m tag`ı basqada en` kerekli awıl xojalıg`ı plug, seyalka ha`m basqada inventarlar kele basladı. Kelgen texnikalardı biriktirip, sho`lkemlesken kolxozlarg`a xızmet

etiwdi, olarg`a ja`rdem beriw maqsetinde respublikamız birinshi MTSlar sho`lkemlese basladı. Birinshi 1930-jılı Shabbaz MTSı, keyin arqa rayonlardın` kolxozları ushın Xalqabad MTSsı sho`lkemlestirildi. Keyin ala To`rtku`l, Shımbay MTSları sho`lkemlestirildi. Bul MTSlardı basqarıw ushın kadrlar Rossiyadan jiberildi. Moskva, Leningrad qalalarınan Kirilov Ya.İ. – Xalqabad MTS-na, Kuranin V.D. – Shımbay MTS-na, Paran`ko J. - To`rtku`l` MTSna, Shabbaz MTS-ına Eyxman ha`m tag`ıda kadrlar jiberilip[1], MTSlardın` jumısın sho`lkemlestiriw, onı kerekli bolg`an kadrlar menen ta`miyinlew ma`seleleri menen shug`ıllang`anlıg`ın ko`remiz. Birinshi gezekte MTSlar ushın kerekli bolg`an injener, texnik, slesar` ha`m basqada kadrlardı basqa jaqtan aldırıw menen, jergilikli xalıqtın` wa`killerinen tayarlaw en` baslı ma`sele boldı. MTSlarg`a kelip atırg`an traktorlardı aydaw ushın kadrlar joqtın` qasında edi. Sonın` en` baslı ma`selelerinen biri, traktorshılar tayarlaw ma`selesi turdı.

1933-1937-jıllar arasında respublikada 4255 mexanizator tayarlang`an bolsa, sonnan 2712 traktorshılar[2] edi. Kolxozlar ushın esapshı kadrlardın` jetispewin esapqa alıp, respublikanın` Ministrler kabineti 1937-jılı MTSlar qaptalınan altı aylıq esapshılar tayarlaytug`ın kurs ashıwg`a qarar shıg`ardı. Sol qararg`a muwapıq MTS qaptalınan 300 kolxoz esapshıları, sonday-aq 3 aylıq kursta 150 esapshı tayarlandı. MTS qaptalınan sho`lkemlestirilgen traktor kursın pitkerip, keyin ala belgili traktorshı, mexanik, injener, kolxoz, sovxoz basshısı da`rejesine deyin ko`terilgen belgili awıl xojalıq kadrlardın` atların xalqımız hu`rmet penen tilge aladı. Olardan Ernazarov M. – Mang`ıttan M.Gor`kiy sovxozının` bas injenerii da`rejesine, Pirniyazov A. aldın mexanik, keyin sovxoz direktorı – Shımbay rayonında, Yusupov P Kalinin sovxozının` bas injeneri Taxtako`pir rayonında, Matniyazov Orazalı aldın mexanik, keyin Sverdlov sovxozının` direktorı, Matniyazov U. – aldın mexanik, keyin Shomanay

[1] Шамамбетов Б. Подготовка сельскохозяйственных кадров – важный участок партийной работы. Нукус: Каракалпакстан, 1978. 52-бет.
[2] Сол китапта, 63-бет.

rayonının` avtobaza direktorı[1] lawazımında islep, ha`mmeside o`zlerin ko`rsetken respublikag`a belgili kadrlar bolıp jetisken.

Respublikada MTSlardın` sanının` o`siwi, kolxozlar ushın kerekli kadrlardı tayarlawda anag`urlım o`skenligin ko`remiz. 1938-jılı MTSlar 967 mexanizator, 1939-jılı 967, al 1940-jılı 1094 traktorshılar tayarlawg`a eristi. Respublikada 1941-jılg`a kelgende MTSlar sanı 18 ge jetti. Bul MTSlardı basqarıwda da u`lken jetiskenlikler bolg`anlıg`ın aytıwımız kerek. Eger MTSlar sho`lkemlesken jılları MTS direktorlarının` ishinde birde jergilikli xalıqtın` wa`kili bolmag`an bolsa, 1940-jılg`a kelip 15 MTStın` direktorı lawazımında jergilikli xalıqtın` wa`killeri isledi. Solardan Xodar Xalmuratov Qon`ırat MTSın basqarıp u`lken na`tiyjelerge eristi. Ol ullı soyuzlıq jıynalısqa qatnasıp, 1935-jılı Moskvada en` aldag`ı MTS qatarında jen`il avtomashina menen, ol o`zi «Znak pocheta» ordenin alıwg`a miyasar boldı.

Kolxoz, sovxoz kadrlarına massalıq agrotexnikalıq bilim beriwde MTSlardın` roli anag`urlım astı. 1938-jıldın` o`zinde agrotexnikalıq oqıwdı respublika MTSlarında 3582 kolxoz xızmetkerleri, sonnan 553 kolxoz baslıqları, 1028 adam brigadirler ha`m 1743 zvenovoy oqıp texnikalıq-agronomiyalıq bilimlerin asırdı[2]. Avtonom respublikada massalıq professiya beretug`ın kadrlardı tayarlawda MTS ha`m mekteplerdin` roli o`te ku`shli boldı. 1936-1940-jıllarda bunın`day qa`nigeler tayarlaw 2006 adamg`a jetti.

1930-jıldın` ekinshi yarımında kolxozlar ulıwma diyqan xalıqlarının` 90 protsentin o`z ishine alıp, barlıq egis maydanının` 96 protsentin qamtıdı. Respublikada kolxozlar sanı 1100 jetti. Bul kolxozlardın` ko`pshilik xızmetin kolxoz benen du`zgen MTSlar atqardı. Ulıwma MTSlardın` sanı 14 ke jetti. Awıl xojalıg`ında 980, traktor 220 nasos u`skeneleri, 7 ekskovator, zemnasos, 374 ju`k ha`m jen`il mashinalar jumıs islep turdı. Biraq, sonı aytıwımız kerek respublikada kolxozlastırıw protsessleri kewilsiz o`tti. Sonın` ushın onın` na`tiyjeside oylag`anday bolmadı. Awıl diyqanları jerinen ha`m mu`lkinen

[1] Сол китапта, 67-бет.
[2] Жоқарыда көрсетилген китап, 73-бет.

ayırıldı. Oraydın` 1939-jılı dekabr`degi qararına muwapıq «O`zbekstanda paxtashılıqtı bunnan bılayda rawajlandırıw boyınsha ila`jlar haqqında»g`ı arnawlı qararı paxta monokul`turasının` tag`ı da rawajlanıwına alıp keldi. Respublikada 1938-1940-jıllarda 34100 gektar jan`a jerler ashılıp, o`zlestirildi. Solay etip egislik maydan 1928-jılı 99,6 mın` gektardı qurag`an bolsa 1940-jılg`a kelip 151,2 mın` gektarg`a jetti[1]. Respublikada paxta egisligini menen bir qatar jon`ıshqashılıq egis maydanıda aytarlıqtay ko`beygenligin ko`remiz. Onın` egis maydanı 1937-jıldag`ı 19,6 mın` gektardan 1939-jılı 38,4 mın` gektarg`a, yag`nıy eki esege ko`beydi. O`nimlimen 1939-jılı 16531 tsentnerdi qurag`an bolsa, 1940-jılı o`ndirilgen o`nimnin` 26000 tsentneri awqamlas respublikalar ha`m shet ellerge tuqımg`a jiberildi.

Qaraqalpaqstanda o`zinin` injener, vrach, geolog, zootexnik, agranom kadrların ja`ne jergilikli xalıqtan basqada qa`niygeler tayarlaytug`ın arnawlı joqarı orınları bolmadı. Al qolda bar oqıw orınları ha`m kurslar respublikanın` talapların qanaatlandıra almadı. Sonlıqtan ha`r jılı barg`an sayın ko`p mug`dardag`ı jaslar Tashkenttin`, Samarqandtın`, Moskvanın`, Leningradtın` joqarı oqıw orınlarına jiberilip turdı. Tashkenttin` joqarı oqıw orınların Qaraqalpaqstannın` 20 wa`kili pitkergen edi. Olardın` arasında 6 ekonomist, 7 agranom, 7 injener-irrigator boldı.

Respublikanın` xalıq xojalıg`ın ha`m ma`deniy qurılısın rawajlandırıw ilajları haqqındag`ı qararg`a muwapıq Qaraqalpaqstang`a 102 qa`niyge jiberildi: sonın` ishinde 17 agranom, 9 vetvrach, 10 zootexnik, 5 jer du`ziwshi, o`simliklerdi qorg`aw boyınsha 5 agranom, 2 bag`man agranom, 15 mexanik, 17 injener meliorator, 10 qurılısshı ha`m 2 pillekesh bar edi. Respublika ekanomikasının` o`siwi menen kolxoz intelligentsiyası da o`sti ha`m qa`liplesti. U`shinshi bes jıllıqtın` basında respublikanın` awıllıq rayonlarında 1520 mug`allim ja`ne agranom, 89 vrach, 43 zootexnik ha`m basqada ko`plegen qa`niygeler jumıs isledi. Awıl xojalıg`ının` jetiskenlikleri menen birge awıl xojalıg`ının` qa`niyge kadrların tayarlaw isinde u`lken tabıslarda boldı.

---

[1] Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. Нөкис, 2003. 236-бет.

Respublikanın` MTS larında ha`m kolxozlarında 180 agranom ha`m agrotexnik jumıs isledi, 50 entomolog shegirtkege qarsı gu`resiw ekspeditsiyalarına bekitildi. Ekinshi bes jıllıqta 5206 traktorshı, 1866 diyxanshılıq brigadiri, 1379 zveno baslıg`ı ha`m 1036 kolxoz baslıg`ı, 1191 esap xızmetkerleri, 281 tovarlı ferma baslıqları ha`m basqada qa`niygeler jumıs isledi. Ulıwma bes jıllıq da`wirinde 14200 kolxoz qa`niygesi tayarlandı. 1938 jılı awıl xojalıg`ının` ha`r qıylı tarawları boyınsha 2401 qa`niyge tayarlandı ha`m qayta tayarlandı[1].

1939–jılı kurslıq ilajlar arqalı 5241 ha`r qıylı awıl xojalıq qa`niygeleri tayarlandı ha`m qayta tayarlandı. Awıl xojalıg`ı ushın kadrlar tayarlawdag`ı geypara tabıslarg`a qaramastan, respublikada orta buwın mamanlıqtag`ı xızmetkerlerdin` jetispey atırg`anlıg`ı sezildi.

Qaraqalpaqstannın` milliy intelligentsiyasının` qatarı awıl xojalıg`ının` aldıng`ı miynetkeshleri esabınan tolıqtırıldı. Awıl xojalıq intelligentsiyasının` jan`a toparı urıstan keyingi bes jıllıqlar da`wirinde tiykarg`ı wazıypalardı a`melge asırıwda, Qaraqalpaqstannın` pu`tkil xalıq xojalıg`ın texnikalıq rekonstruktsiyalawdı tamamlawda u`lken rol` atqardı.

[1] Кутымов Т. Қарақалпақстан совет интеллигенциясының қәлиплесиў мәселесине. Нөкис, 1988, 58-бет.

## U`ShİNShİ BO`LİM

## RESPUBLIKA AWIL XOJALIG`IN RAWAJLANDIRIWDA JOQARI HA`M ARNAWLI ORTA KVALIFIKATSIYALI KADRLAR TAYARLAWDA KO`RILGEN ILAJLAR: TABISLAR, MASHQALALAR

Respublikamızdın` awıl xojalıg`ın rawajlandırıwg`a kolxozlardın` rawajlanıwı, awıl xojalıg`ı klassifikatsiyalıq kadrlar menen ta`miyinleniwi, kadrlardın` kolxoz ha`m sovxoz xojalıqların basqarıw da`rejesinin` o`siwi sebep boldı.

Kadrlardı tayarlaw ushın:

Birinshiden: awıl xojalıg`ı boyınsha oqıw orınların ko`beytiw, mektep ja`ne de oqıw kursların ko`beytiw;

Ekinshiden: awıl xojalıg`ı kadrlardı tayarlaw sapasın asırıw;

U`shinshiden: aldın`g`ı jumskerlerdi sovxoz rabochiyların, kolxoz, sovxozlardı basqaratug`ın da`rejege ko`teriw;

To`rtinshiden: awıl xojalıg`ı kadrlarının` jumıstı taslap ketiwlerin azaytıw.

Joqarı klassifikatsiyalı kadrlardın` jetispewshiligi, awıl xojalıg`ı tarawın qayta qurı da`wirinde, sawatsızlıqtı, ma`deniyat rawajlanbag`anlıg`ın saplastırıw ushın gu`res da`wirinde ayrıqsha ko`zge taslandı, Sonın` ushında sawatsızlıqtı saplastırıwda awıl xojalıg`ı bilimlendiriw ayrıqsha ko`zge tu`sti.

«Awıl xojalıg`ı tarawın bilimlendiriw», delingen VIII partiya s`ezdinde, sonday etip alıp barılıwı kerek, menshiklestirilgen krest`yan xojalıg`ı, birlesken sotsialistlik xojalıg`ı etip qayta qurılıwı kerek. Qaraqalpaqstanda Oktyabr` revolyutsiyasına shekem o`z tilinde mektep te bolmag`an, arnawlı oqıw orınlarıda bolmag`an, kadrlar tayarlaw bolmag`an, sonın` ishinde awıl xojalıg`ı kadrları. Sonın` ushında kadrlardı tayarlaw ma`selesi birinshi orında turdı.

1925-jılı To`rtku`lde awıl xojalıq qa`nigelerin tayarlaw ushın awıl xojalıg`ı texnikumı ashıldı.

1927-1928-jılları avtonom oblastta 21 awıl xojalıg`ı, sharwa, veterinar qa`nige, 1928-29-jılları 27 qa`nige, al 1929-1930-jılları 75 awıl xojalıg`ı qa`nigesi tayarlandı[1]. Ol jılları Qaraqalpaq avtonom oblastı Qazaqstan quramında bolg`anlıqtan awıl xojalıg`ı qa`nigeleri menen qaraqalpaq oblastın ta`miyinley almadı, sebebi Qazaqstannın` o`zindegi 49 kolxozlarda tek birewden agronom bar bolg`an. Qaraqalpaq oblastında 4 agronom boldı. 1930-jıldın` basında Qazaqstanda joqarı bilimge iye 35 adam agronom bolg`an, orta bilimli 104 agronom pitkerip shıqtı[2].

Qaraqalpaqstanda joqarı bilimge iye 2, orta bilimge iye 6 agronom bolg`an. Qaraqalpaq avtonom oblastında kolxozlar sistemasına joqarı ha`m orta bilimli agronomnan 27 adam bolıwı kerek edi.

Avtonom oblastta awıl xojalıg`ı ushın qa`nigeler tayarlaytug`ın awıl xojalıg`ı texnikumı 1925-jılı iyun` ayında To`rtku`lde ashıldı. Usı jılı texnikumg`a 58 student qabıllandı, al 1928-1929-oqıw jılında texnikumda 85 adam (jarlılardın` balaları) oqıdı. Sonın` menen birge kolxozlarg`a injener texnikler ha`m agronom qa`nigeler jiberip turdı[3].

Qaraqalpaq avtonom oblastına Moskvanın` Dzerjinskiy rayonı ja`rdem berdi, ja`ne de Ukraina kooperatorlarda ja`rdem berdi. Ukrainadan Qaraqalpaqstang`a 40 qa`nige jiberildi; Moskva, Leningrad ha`m Ukraina awıl ma`deniyatın ko`teriwge, sawatsızlıqtı saplastırıwg`a, xalıq xojalıg`ın tiklewde u`lken ja`rdem qolın sozdı. Sonday etip Dzerjinskiy rayon mektebinin` ha`r biri Qaraqalpaq avtonom oblastının` ha`r bir mektebine baylanıstırılg`an edi. Moskva mektepleri oqıw kitapların jiberip turdı, metodikalıq ken`esler berip turdı. Ja`ne de ta`jiriybe almasıwda oqıw metodikaların jiberip turdı.

Qaraqalpaq avtonom oblastına Dzerjinskiy rayonınan mektepke shekemgi ta`rbiyanı sho`lkemlestiriw boyınsha arnawlı brigada jiberildi. Sonın` menen birge rayon Qaraqalpaqstan barg`an, Moskva joqarg`ı oqıw orınlarında oqıp

---

[1] Шамамбетов Б. Подготовка кадров аысшей и средней квалификации для сельского хозяйства Республики. Нукус, 1975. 46-бет.
[2] Ленинлик кооперативлик планның Қарақалпақстанда иске асыў тарийхынан. Нөкис, 1975, 40-бет.
[3] Шалекенов У.Х. Очерки по истории культуры Советской Каракалпакии (1917-1940). Нөкис, 1960. 61-бет.

atıng`an 20 studentke ja`rdem (shefstvo) berdi. Sonın` menen birge Orta Aziya ha`m Qazaqstanda tuwısqanlıq ja`rdem ko`rsetip turdı.

Qazaqstan ha`m O`zbekstan o`zlerinin` joqarı oqıw orınlarında qa`nigeler tayarlap, oqıwdı tamamlag`annan keyin qaraqalpaqqa jiberip turdı. Avtonom oblast` jasları Qızıl Ordada, Ural`sk, Alma-atada, Tashkente oqıdı. Olardan Yusupova Nurjagul, Annamuratova Aqqız, Tlewov Sa`limbay, Ma`wlenberdiev Sarman, Seytibekov Qazımjan, To`rejanov Niyazg`alı ha`m basqalardı atap o`tsek boladı[1]. Bul awıl xojalıq qa`nigeleri qaraqalpaqqa turaqlı jumıs islewg`e jiberildi.

1926-1927-jılları Qaraqalpaqstannın` jarlı xojalıqlarına 59800 rubl` berildi. Jarlı mal bag`ıwshılar bolsa salıqtan azat etildi. 1926-1927-jılları ma`deniy qurılıslarg`a 160 mın` rubl`, al 1927-1928-jılları 423 mın` rubl` jumsaldı. Bul bolsa Qazaqstannın` tuwısqanlıq ja`rdemi edi.

Qaraqalpaqstan avtonom oblastı 1920-jılı 20 ibl`dag`ı VTsİK qararına baylanıslı Qazaq ASSRnın burıng`ı ko`leminde RSFSRdın` quramına qosıldı. Qaraqalpaqstan avtonom oblastının` RSFSR quramına o`tedi. En` aldag`ı respublikadan ku`ndelikli ja`rdem alıp turıwg`a mu`mkinshilk jarattı. Bul bolsa xolaıqtı feodallıq basqarıwda kapitalistlik da`wiri atlap o`tip sotsializmge o`tiwdi tezlestirdi.

1931-1932-oqıw jıllarında RSFSR joqarı oqıw orınlarında Qaraqalpaqstannan 47 student, rabfak ha`m texnikumlarda 17, institutlarda 22, ha`r qıylı kurslarda 8 adam oqıdı[2].

Bul waqıtları Qaraqalpaqqa ha`m qalalardan joqarı oqıw orınların pitkeriwshiler kele basladı. 1932-jılı Orta Aziya joqarı oqıw orınlarınan pitkergennen keyin joqarı kategoriyalı qa`nigelerden 43 adam keldi.

RSFSRdan Qaraqalpaqstang`a ha`m basqa da milliy respublika ha`m oblastg`a qa`nigeler ha`mde rabochiylar jiberilip turıldı. RSFSRdın` oraylıq qalalarında milliy kadrlar stajirovka o`tti. 1931-jılı Qaraqalpaq avtonom oblastın

[1] Сол мийнетте, 38-бет.
[2] Сол мийнетте, 45-бет.

20 agronom, 7 zootexnik ha`m 12 agrotexnik jumıs isledi. Al 1932-jılı basqa respublikalardan kelgenler esabatınan agronomlar 64, agrotexnikler 46 jetti. Kerekli mug`dardag`ı joqarı kvalifikatsiyadag`ı kadrlardın` jetispewi awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda, o`nimalıwda tosqınlıq qıldı. Kolxozlar awıl xojalıq qa`nigelerine muxtaj edi (oqımıslı xojalıq basshıları, esapshılar ha`m sekretarlar jetispes edi).

1935-jıl kolxoz baslıqların qayta tayarlaw, brigadirler, mal sharwashılıq brigadirleri, esapshılar tayarlaw biraz jaqsılandı. Avtonov respublika turmısında, aymag`ının` birgeligin, milliy, xojalıq, ekonomikasın esapqa alıp, ja`ne de ko`p waqıtlardan berli xojalıq, ma`deniy, siyasiy baylanısın esapqa alıp, 1936-jılı 5-dekabr`de Qaraqalpaq avtonom respublikası O`zbekstan SSR quramına kirgizildi. Bul waqıtlarda qaraqalpaqlar turmısında u`lken o`zgerisler juz berdi. Kolxoz ha`m sovxozlar awılxojalıg`ında baslı orındı iyeledi.

O`zbekstan quramında qaraqalpaq xalqı burıng`ıdan da jaqsı mu`mkinshiliklerge iye boldı. Tuwısqan O`zbekstan xalqının` ha`r ta`repleme ja`rdemi na`tiyjesinde ekonomikasın, ma`deniyatın ko`teriwge, joqarı kvalifikatsiyalı qa`nigelerdi tayarlawg`a eristi.

Qaraqalpaqstanda birinshi bes jıllıqlarda orta mag`lıwmatlı awıl xojalıq kadrlar tek g`ana To`rtku`l awılxojalıq texnikumında tayarlandı, bul texnikum 1931-jılı birinshi ma`rte 21 adamdı tayarlap shıg`ardı. Oqıw pitkergenlerdin` arasında P.Seytov, X.Xalmuratov, Arzekesov, Dontsov, T.Nawrızbaevlar bar edi. Birinshi pitkeriwshiler awıl xojalıg`ın kollektivlestiriwde tikkeley qatnastı. Texnikumdı pitkergennen keyin 1931-1932-jılları direktor orınbasarı, keyinshelik usı texnikumnın` direktorı bolıp isledi. Bir g`ana awıl xojalıq texnikumına avtonom respublika hu`kimeti u`lken kewil bo`ldi. Jıl sayın ko`p studentlerdi oqıtıp shıg`arıp turdı.

Eger 1928-1929-oqıw jılları texnikumda 65 alam oqıg`an bolsa, 1934-jılı olardın` sanı 112 ge jetti, 1935-jılı 274, 1936-jılı 296, 1937-jılı 381 ge jetti. Texnikumnan basqa kolxoz jasları mektebi bolıp, onda 1930-jılı 160 adam,

1931-jılı 220 adam tayarladı[1]. Biraqta awıl xojalıg`ı kadrların tayarlaw kursları ha`m mektepleri kvalifikatsiyalı awıl xojalıg`ı qa`nigelerin jetistirip bere almadı.

Qaraqalpaqstanda joqarı kvalifikatsiyalı kadrlar tayarlanbas edi. Sonlıqtan da respublika hu`kimeti joqarı kvalifikatsiyalı kadrlar menen ta`miyinlewdi 2 jol menen sheshiw mu`mkinshiligine iye edi. Birinshiden - RSFSR ha`m Orta Aziya respublikaları pitkeriwshileri menen, ekinshiden – Sovetler Soyuzının` basqa respublika, qalalarınan qa`nigelerdi shaqırıw jolı menen. 1932-jılı Qaraqalpaqstan ushın SSSR joqarı oqıw orınlarınan 172 orın bo`lindi, respublikadan sırtta 1932-jılı 350 student oqıdı. Respublika hu`kimeti studentlerdi respublikadan shetke jiberiwge a`hmiyet berip 1934-jılı qarar qabılladı, bul boyınsha respublika bilimlendiriw Narkomına 1,5 aylıq tayarlıq kursın sho`lkemlestiriwge tapsırma berdi. Bul kursta 275 abiturientler joqarı oqıw orınlarına kiriwge tayarlandı.

Kvalifikatsiyalı awıl xojalıq kadrları Orta Aziyalıq awıl xojalıg`ı mektebinde tayarlandı. 1934-jılı bul mektep Qaraqalpaqstan ushın 40 orın ajıratıp shıg`ardı, biraq bul orınlarg`a tayarlang`an kiriwshiler bolmag`anlıg`ı sebepli 14 adam g`ana oqıdı, olar bul mektepti 1935-jılı pitirip shıqtı. Pitkerip shıqqanlardan Embergenovtı, Arzievtı, Kalmenovtı, Saparovanı, Djumanazarovtı, Bekimbetovtı ha`m basqalardı atap o`tiwge boladı[2].

1936-jılı stantsionar oqıw orınlarına, mal sharwashılıg`ı texniklerin tayarlaw, qaytadan tayarlawg`a Samarqandqa 60 adam jiberilgen bolsa, kolxoz agrotexnikler tayarlaw kursına U`rgenichke 41 adam, bilimin asırıw kursına 101 adam jiberildi.

Awıl xojalıg`ı oqıw orınlarında O`zbekstanda 79 student oqıdı, olardan ma`mleketlik Samarqand awıl xojalıg`ı institutında 21 adam, Tashkent irrigatsiya ha`m awıl xojalıg`ı institutında 9 adam, awıl xojalıg`ı rabfakta 15 adam, o`zbek agrokolxoz universitetinde 11 adam oqıdı[3].

---

[1] Муратова П. Қарақалпақстанда интеллигенция кадрларын таярлаў. Нөкис, 1992. 110-бет.
[2] Сол мийнетте, 121-бет.
[3] Сол мийнетте, 123-бет.

Ma`mleket awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawg`a u`lken qarjı ajırattı. Tek g`ana awıl xojalıg`ı oqıw orınlarının` stipendiyası 71400 rubl`di quradı.

1939-jıl dawamında avtonom respublikadan sırta tayarlaw ha`m qayta tayarlaw 1,5 aydan 6 ay aralıg`ında oqıwda 196 adam tayarlıqta oqıdı. Mexanizatorlar tayarlaytug`ın To`rtku`lde 1936-jılı ashılg`an «Avtotransport mektebi» dep atalg`an, keyinshelik «awıl xojalıg`ı mexanizatsiya mektebin» atın alg`an mektep 1936-1940-jılları 506 awıl xojalıg`ı qa`nigelerin tayarladı. Olardan 199 traktor brigadası brigadirleri edi.

Awıl xojalıg`ı qa`nigelerinin` jetispewshiligi Sovetler Soyuzının` respublikalarınan kelgen qa`nigeler menen dogovor-kelisim tiykarında iske asırıldı. Mısalı 1938-jıl 10 may na`tiyjeleri boyınsha awıl xojalıg`ı qa`nigelerinen 18 adamı sırttan kelgen, olardan 13 adam birinshi ha`m ekinshi bes jıllıqlarda keldi. Narkomzem apparatında 22 qa`nigelerden bul jıllarda 16 sırttan kelgenlerden edi. Olardın` ishinde M.V.Popov, İ.F.Fedorov, N.S.Anisifonov, A.İ.Korolev, P.A. Daukin, A.O.Juravin, A.S. Uspenskiy, S.A.Gudenko, E.Ya.Gafiatullinler bar bolıp, olar oqıw pitkerip kelip, 1930-1931-jılları jumıs isledi.

Koloxoz qurılısın rawajlandırıw ushında joqarı kvalifikatsiyalı kadrlardı tayarlawdı talap etetug`ın edi. Ekinshi bes jıllıqta respublikada 661 adam joqarı ha`m orta awıl xojalıg`ı bilimine iye bolsada, elede 259 kvalifikatsiyalı awıl xojalıg`ı kadrları jetispes edi. Olardan 107 suwg`arıwshılar, 50 injener, mexanikler, 11 mal sharwashılıq qa`nigeleri, 103 atız jumısshıları[1].

Joqarı kvalifikatsiyalı awıl xojalıq qa`nigelerge bolg`an talap 1938-jılı bolg`an talap 1938-jılı 1272 adam, al u`shinshi bes jıllıqta 2304 adamg`a jetti, olardan 121 respublikanın` o`zinde, al 1007 sin sırttan shaqırıw ko`zde tutıldı. Sonın` ushında respublika partiya sho`lkemi awıl xojalıg`ı kadrlarına a`hmiyet berdi, sonlıqtanda 1940-jılı respublikada 11 agronom joqarı mag`lıwmatlı, 121 orta, 8 zootexnik joqarı mag`lıwmatlı, 18 orta mag`lıwmatlı, 20 irrigatorlar

[1] Сол мийнетте, 122-бет.

joqarı mag`lıwmatlı, 40 orta mag`lıwmatlı jumıs isledi. 1941-jıldın` basında kolxoz ha`m MTSlarda 175 agronomlar jumıs isledi.

Qaraqalpaqstan respublikasında kadrlar tayarlaw isine u`lken itibar berdi. Sonın` esabınan 1933-jılı respublikada 241 kolxoz baslıqları, 538 brigadirler, 344 tabel`shikler, 368 awıl xojalıq zıyankerleri menen gu`resi brigadlar, 180 suwshı, 428 esapshı, 70 sharwashılıq qa`nigesi, 688 traktorshılar tayarlandı. Ulıwma Narkomzem siteması boyınsha respublikada 2900 kadr tayarlandı[1].

Kolxoz basshıları tiykarınan kurslarda, paxta texnikumında To`rtku`l, Shuraxan qalalarında ped texnikum, kolxoz mekteplerinde tayarlandı.

Kolxozlar ushın esapshılar tayarlaw To`rtku`l, Shımbay, Xojeli qalalarında sho`lkemlestirilgen kolxoz mekteplerinde tayarlandı. Respublikada ekinshi besjıllıq jıllarında tek Narkomzem siteması boyınsha 13700 awıl xojalıq kadrları tayarlandı, sonnan 9512 kolxozlar kadrları edi[2]. Sol jılları pitkergen jergilikli xalıqtın` wa`killerinen kolxozdın` belgili basshıları bolıp jetiskenler: Karimberdiev Bakir - Kuybıshev rayonınan, Aitımbetov P., Kalimbetov G. - Kegeyli rayonınan, İzimbetov A., Baynazarov İ. – Shımbay rayonınan, Qıdırbaev İ. – Qon`ırat rayonınan ha`m tag`ı basqalar[3] keleshekte respublikada en` ko`rnekli, hu`rmetli awıl xojalıq basshıları bolıp jetisti.

1939-1940-jıllar ishinde kolxozlardı kerek kadrlar menen ta`miyinlew aytarlıqtay iske astı. Usı eki jıldın` o`zinde kadrlardı tayarlaw ha`m qayta tayarlawdı 10500 den ko`birek ha`r qıylı qa`nigelikler boyınsha awıl xojalıq kadrları o`z bilimin ha`m mamanlıg`ın asırdı[4]. MTSlar ushın kerekli bolg`an traktorshılardı respublikada sho`lkemlestirilgen Traktor oray shug`ıllandı. 1933-jıldın` o`zinde 580 traktor, 45 brigad – mexanik, 15 shofer tayarladı. Usı jıldın` o`zinde tek To`rtku`l` MTSi 4 aylıq kurstın` o`zinde 654 traktorshılardı qayta tayarlawdan o`tkerip, olardın` mamanlıg`ın asırg`anlıg`ın ko`remiz.

Usı jıldın` o`zinde Qon`ırat, Xalqabad, To`rtku`l` MTSlarının` qasınan sho`lkemlestirilgen bir aylıq 350 adam oqıp, o`z qa`nigeligin asırdı. Awıl

[1] Сол китапта, 57-бет.
[2] Жоқарыда аты көрсетилген китап, 58-бет.
[3] Сол китапта, 58-бет.
[4] Сол китапта, 61-бет.

xojalıg`ının` jıldan-jılg`a pa`t alıp barıwı, kolxozlar ushın a`kelingen texnikanın` ko`beyiwi, jaqsı qa`nigelerdi talap etti, a`sirese mexanizator kadrlarg`a bolg`an talap ku`sheydi.

1933-1937-jıllar arasında respublikada 4255 mexanizator tayarlang`an bolsa, sonnan 2712 traktorshılar[1] edi. Kolxozlar ushın esapshı kadrlardın` jetispewin esapqa alıp, respublikanın` Ministrler kabineti 1937-jılı MTSlar qaptalınan altı aylıq esapshılar tayarlaytug`ın kurs ashıwg`a qarar shıg`ardı. Sol qararg`a muwapıq MTS qaptalınan 300 kolxoz esapshıları, sonday-aq 3 aylıq kursta 150 esapshı tayarlandı. MTS qaptalınan sho`lkemlestirilgen traktor kursın pitkerip, keyin ala belgili traktorshı, mexanik, injener, kolxoz, sovxoz basshısı da`rejesine deyin ko`terilgen belgili awıl xojalıq kadrlardın` atların xalqımız hu`rmet penen tilge aladı. Olardan Ernazarov M. – Mang`ıttan M.Gor`kiy sovxozının` bas injeneri da`rejesine, Pirniyazov A. aldın mexanik, keyin sovxoz direktorı – Shımbay rayonında, Yusupov P Kalinin sovxozının` bas injeneri Taxtako`pir rayonında, Matniyazov Orazalı aldın mexanik, keyin Sverdlov sovxozının` direktorı, Matniyazov U. – aldın mexanik, keyin Shomanay rayonının` avtobaza direktorı[2] lawazımında islep, ha`mmeside o`zlerin ko`rsetken respublikag`a belgili kadrlar bolıp jetisken.

Respublikada MTSlardın` sanının` o`siwi, kolxozlar ushın kerekli kadrlardı tayarlawda anag`urlım o`skenligin ko`remiz. 1938-jılı MTSlar 967 mexanizator, 1939-jılı 967, al 1940-jılı 1094 traktorshılar tayarlawg`a eristi. Respublikada 1941-jılg`a kelgende MTSlar sanı 18 ge jetti. Bul MTSlardı basqarıwda da u`lken jetiskenlikler bolg`anlıg`ın aytıwımız kerek. Eger MTSlar sho`lkemlesken jılları MTS direktorlarının` ishinde birde jergilikli xalıqtın` wa`kili bolmag`an bolsa, 1940-jılg`a kelip 15 MTStın` direktorı lawazımında jergilikli xalıqtın` wa`killeri isledi. Solardan Xodar Xalmuratov Qon`ırat MTSın basqarıp u`lken na`tiyjelerge eristi. Ol ullı soyuzlıq jıynalısqa qatnasıp, 1935-jılı

---
[1] Сол китапта, 63-бет.
[2] Сол китапта, 67-бет.

Moskvada en` aldag`ı MTS qatarında jen`il avtomashina menen, ol o`zi «Znak pocheta» ordenin alıwg`a miyasar boldı.

Kolxoz, sovxoz kadrlarına massalıq agrotexnikalıq bilim beriwde MTSlardın` roli anag`urlım astı. 1938-jıldın` o`zinde agrotexnikalıq oqıwdı respublika MTSlarında 3582 kolxoz xızmetkerleri, sonnan 553 kolxoz baslıqları, 1028 adam brigadirler ha`m 1743 zvenovoy oqıp texnikalıq-agronomiyalıq bilimlerin asırdı[1]. Avtonom respublikada massalıq professiya beretug`ın kadrlardı tayarlawda MTS ha`m mekteplerdin` roli o`te ku`shli boldı. 1936-1940-jıllarda bunın`day qa`nigeler tayarlaw 2006 adamg`a jetti.

1930-jıldın` ekinshi yarımında kolxozlar ulıwma diyqan xalıqlarının` 90 protsentin o`z ishine alıp, barlıq egis maydanının` 96 protsentin qamtıdı. Respublikada kolxozlar sanı 1100 jetti. Bul kolxozlardın` ko`pshilik xızmetin kolxoz benen du`zgen MTSlar atqardı. Ulıwma MTSlardın` sanı 14 ke jetti. Awıl xojalıg`ında 980, traktor 220 nasos u`skeneleri, 7 ekskovator, zemnasos, 374 ju`k ha`m jen`il mashinalar jumıs islep turdı. Biraq, sonı aytıwımız kerek respublikada kolxozlastırıw protsessleri kewilsiz o`tti. Sonın` ushın onın` na`tiyjeside oylag`anday bolmadı. Awıl diyqanları jerinen ha`m mu`lkinen ayırıldı. Oraydın` 1939-jılı dekabr`degi qararına muwapıq «O`zbekstanda paxtashılıqtı bunnan bılayda rawajlandırıw boyınsha ila`jlar haqqında»g`ı arnawlı qararı paxta monokul`turasının` tag`ı da rawajlanıwına alıp keldi. Respublikada 1938-1940-jıllarda 34100 gektar jan`a jerler ashılıp, o`zlestirildi. Solay etip egislik maydan 1928-jılı 99,6 mın` gektardı qurag`an bolsa 1940-jılg`a kelip 151,2 mın` gektarg`a jetti[2]. Respublikada paxta egisligini menen bir qatar jon`ıshqashılıq egis maydanıda aytarlıqtay ko`beygenligin ko`remiz. Onın` egis maydanı 1937-jıldag`ı 19,6 mın` gektardan 1939-jılı 38,4 mın` gektarg`a, yag`nıy eki esege ko`beydi. O`nimlimen 1939-jılı 16531 tsentnerdi qurag`an bolsa, 1940-jılı o`ndirilgen o`nimnin` 26000 tsentneri awqamlas respublikalar ha`m shet ellerge tuqımg`a jiberildi.

---

[1] Жоқарыда көрсетилген китап, 73-бет.
[2] Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. Нөкис, 2003. 236-бет.

Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ın rawajlandırıwg`a elimizdin` hayal-qızları o`zlerinin` salmaqlı u`lesin qosıp kelmekte. 30-jıllarda hayal-qızlardı sawatlandırıw ha`m ja`miyetlik jumısqa aktiv qatnastırıw hu`kimettin` baslı ilajlarının` biri boldı. 1935-jılg`a kelip respublika sawatlı hayal-qızlar sanı 13644 ke jetti. Usılardın` ishinen 718 awıl sovet ag`zaları, 4 awıl sovet baslıg`ı, 10 Qaraqalpaqstan atqarıw komitetinin` ag`zası bolıp isledi. MTStın` siyasiy bo`liminin` hayal-qızlar arasında alıp barg`an jumısının` na`tiyjesinde To`rtku`l` MTS tayarlag`an kadrlardan 38 hayal-qızlar kolxoz brigadiri, 11 kolxoz pravleniya ag`zası, 9 o`nim jetistiriw soveti basqarg`an, 13 revizion komissiya quramında islegen. Rayonnın` 64 kolxozında 212 udarnik atag`ın alıwg`a miyasar bolg`an. Tayarlang`an kadrlardan Shabbaz rayonında 94 hayal-qızlar kolxoz brigadaların basqarg`an. Shımbay rayonında 74 hayal-qızlar awıllıq Sovet ha`m kolxoz qurılısının` ha`r qıylı tarawlarında jumıs islegen.

1937-1939-jıllarda 185 ayal-qızlar sharwashılıq qa`nigeligin, 99 kolxoz kadrların tayarlaytug`ın MTS janındag`ı kurslarda oqıp, o`z bilimin ha`m qa`nigeligin asırg`an. Hayal-qızlar ishinen traktorshılar tayarlaw ma`selesine de u`lken dıqqat bo`lingen. Birinshi traktorshı hayal-qızlardan Matniyazova Guljan, Abdullaeva, Kulbaeva D., Mamutova P., Sherimbetova D[1]. Sol jılları hayal-qızlardın` traktorg`a otırıw ha`m onı men`geriwi jumısımızda u`lken waqıya bolg`an desek boladı.

Respublikada hayal-qızlardın` aktivligi jıldan-jılg`a o`sip bardı. 1937-38-jıllarda To`rtku`l, Shımbay, Kuybıshev rayonlarında 3 hayal-qızlar kolxoz baslıq, 113 kolxoz pravleniyasının` ag`zası, 5 brigadir, 280 zvenovoy, 39 traktorshı xızmetlerinde islep o`zlerinin` aktivligin ko`rsetti. Usı jılı 7 ayal-qızlar O`zbekstan Joqarg`ı Sovetinin` deputatı, 39 Qaraqalpaqstan Joqarg`ı Sovetinin` deputatı etip saylandı. 1939-jılg`a kelip 176 hayal-qızlar kolxozda brigadir, 23 basqarıwshı jumısta, 200 traktorshılar kursın pitkerip, traktorshı bolıp jumıs isledi. Urıstan aldın`g`ı jılları awıl hayal-qızların MTS qaptalındag`ı

[1] Шамамбетов Б. Поготовка сельскохозяйственных кадров – важный участок партийной работы. Нукус, 1997. 83-бет.

sho`lkemlestirilgen traktorshılar kursında oqıwg`a u`lken kewil bo`lindi. Yag`nıy 1940-jılı tayarlang`an 702 mexanizatordan 229, 1941-jılı tayarlanılg`an 571 mexanizatorlardan 463 awıl hayal-qızları edi. Bul jılları hayal-qızlar arasında u`lken ko`terin`kilik bolıp, olardın` ishinen ko`plep jaqsı qa`nigeler, kolxoz, sovxoz basshıları jetilisip shıqtı. Eger biz bul jıllardag`ı islengen jumıslardı analizlep ko`rgenimizde bir qansha jetiskenliklerge eriskenligi ko`rinip turıptı. Biraq, sonı aytıwımız lazım, MTS penen kolxoz arasındag`ı du`zilgen sha`rtnamalar tolıq orınlanbag`anlıg`ın, MTS tek isleytug`ın jumıstın` 60 protsentin bejergenligin[1], belgilengen bes jıllıq planlardın` orınlanbag`anın ko`remiz.

İnjener-texnikalıq intelligentsiya kadrların tayarlaw mashqalası sotsialistlik ma`mlekettin` en` bir a`hmiyetli wazıypalarının` biri boldı.

Hu`kimet penen sanaat ha`m xalıq xojalıg`ının` basqa da tarawları ushın maman intelligentsiya kadrların tayarlawg`a ko`p dıqkat awdardı. Bunda Qaraqalpaqstannın` xalıq xojalıg`ında maman intelligentsiya kadrlarının` keskin tu`rde jetispey atırg`anlıg`ı esapqa alındı. RSFSR xalıq bilimlendiriw komissariatı 1931-jıldın` 25-mayınan keshikpey fabrika-zavod bilim beriwi (FZOlar) ushın 900 adamlıq ha`m texnikumlar ushın 100 adamlıq kurslar du`ziwdi usındı. Oqıw mu`ddeti 4-6 ay[2].

Qaraqalpaqstanda arnawlı joqarı oqıw orınları, jergilikli xalıqtan injenerler, geologlar, zootexnikler ha`m basqa da qa`nigelerdi tayarlaytug`ın joqarı oqıw ornı bolmadı. Sonlıqtan urıstan burıng`ı bes jıllıqlar da`wirinde milliy jaslardı arnawlı orta ha`m joqarı oqıw orınlarına jiberiw Qaraqalpaqstannın` jergilikli millet miynetkeshlerinen  sovet intelligentsiyasın du`ziw wazıypasın sheshiwde u`lken rol` atqardı. Sol da`wirde Moskvada, Leningradta, Tashkentte joqarı bilim alg`an birinshi injenerler ma`selen, Q.Orazov, M.Toreev, A.Xalmuratov, F.Qadırov, T.Ataniyazov, F.Erbaev, S.Allaniyazov ha`m basqalar Qaraqalpaqstang`a qaytıp keldi.

---

[1] Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. Нөкис, 2003. 231-бет.
[2] Қосымбетов И. Қарақалпақстан Совет интеллигенциясының тарийхынан, 111-бет.

Texnikalıq intelligentsiya – sotsialistlik industriyanı ha`m diyqanshılıqtı sho`lkemlestiriwshi ha`m onın` basshısı, xojalıq o`ndirisinin` ku`ta` a`hmiyetli ku`shi bolıp tabıladı. İlimiy-texnikalıq progresti rawajlandırıwda, jumısshı klasının` ma`deniy texnikalıq da`rejesin ha`m ulıwma o`ndiris ma`deniyatın ko`teriwde ol ku`ta` u`lken rol` atdı.

En` jaqsı eski jumısshılar basshı lawazımlarg`a ko`terildi. N.Saparovtı, U.Xojaniyazovtı, E.Qosheterovtı, T.Mustapaevtı, M.Jumanazarovtı, N.Rametovtı, Sh.Berdibaevanı solardın` qatarına kirgiziwge boladı. Qaraqalpaqstan sanaatında jergilikli milletlerdin` salıstırma salmag`ı birinshi bes jıllıqtın` aqırında 82 protsentke, qurılısta 77,3 protsentke jetti[1].

Respublikamızdı qa`wenderlikke alg`an Moskvanın` Dzerjinskiy rayonının` miynetkeshleri Qaraqalpaqstang`a u`lken tuwısqanlıq ja`rdem ko`rsetti. 1935-jılı To`rtku`lde miynetkeshlerdin` ko`p sanlı wa`killerinin` qatnasıwında Dzerjinskiyshilerdin` Qaraqalpaqstandı o`ndirislik-texnikalıq ha`m ma`deniy qa`wenderlikke alıwı tuwralı sha`rtnama du`zildi. Dzerjinskiy rayonının` to`rt iri ka`rxanası Qaraqalpaqstannın` to`rt iri rayonın qa`wenderlikke aldı. Ekinshi bes jıllıq da`wirinde «Borets ha`m Stankolit» zavodları, Dzerjinskiy rayonının` quyıw-mexanikalıq zavodı 75 Qaraqalpaqstanlıg`a ha`r qıylı qa`nigelerdi u`yretti.

RSFSR Gosplanını 1935-jılı turaqlı islew ushın 22 ekonomistti, sonın` ishinde 12 jobalawshı ha`m 10 statistikti Qaraqalpaqstang`a jiberiw usınıldı. RSFSR Xalıq Komissarlar Ken`esinin` 1935-jıl 15-avgusttag`ı qararı menen xalıq xojalıg`ının` 102 qa`nigesin, sonın` ishinde 17 injener ha`m 19 qurılısshına Qaraqalpaqstang`a jiberiw na`zerde tutıldı.

To`rtku`l paxta tazalaw zavodının` janında 1938-jılı 27 adam tayarlaw punktlerinin` ha`m paxta zavodlarının` texnologiyalıq laborantlarının` kursların tamamladı. Mamanlıqtı arttırıw ushın 1930-jılı 3 adam Tashkent qalasına injener-texnik xızmetkerlerdin` mamanlıg`ın arttırıw institutı janındag`ı u`sh aylıq kurslarg`a jiberildi.

---

[1] Сол мийнетте, 135-бет.

1939-jılı zavodtın` 290 jumısshısı texnikalıq do`gereklerde texnikalıq bag`darlamanı o`tip, ma`mleketlik texnikalıq imtixan tapsırdı, 157 xızmetker institutlarda o`zlerinin` mamanlıg`ın arttırdı, 97 adam qısqa mu`ddetli kurslardı tamamladı.

Urısqa deyingi bes jıllıq da`wirinde Qaraqalpaqstanda intelligentsiyanın` injener-texnik kadrlarının` jetispewi og`ada u`lken qıyınshılıqlar tuwg`ızdı. Urıstan burıng`ı bes jıllıqlar da`wirinde Qaraqalpaqstang`a tuwısqan respublikalardan 352 injener texnik keldi[1].

Qaraqalpaqstannın` 20 wa`kili joqarı oqısh orınların pitkergen edi. Olardın` arasında 6 ekonomist, 7 agronom, 7 injener-irrigator boldı. RSFSR Xalıq Komissarlar Ken`esinin` «QQASSRdın` xalıq xojalıg`ın ha`m ma`deniy qurılısın rawajlandırıw haqqında» 1935-jıl 15-avgusttag`ı qararına muwapıq 1936-1936-jılları Qaraqalpaqstang`a 102 qa`nige jiberildi: sonın` ishinde 17 agronom, 9 vetvrach, 100 zootexnik, jer du`ziwshi, o`simliklerdi qorg`aw boyınsha 5 agronom, 2 bag`man agronom, 5 mexanik, 17 injener meliorator, 10 qurılısshı ha`m 2 pillekesh bar edi. 1935-jıl noyabr`de Moskvada bolıp o`tken kolxoz o`ndirisi aldın`g`ıların partiya ha`m hu`kimet basshıları menen Pu`tkil awqamlıq ken`esi kolxoz du`zimin bekkemlewde a`hmiyetli rol` atqardı.

Qaraqalpaqstan ASSRının` barg`an bir joqarı za`ru`r ustasın hu`kimet «Hu`rmet belgisi» ordeni menen nagradlanadı, bulardın` arasında To`rtku`l` rayonının` A`liyev atındag`ı kolxoz baslıg`ı Guseyn Babaev Shımbay rayonının` Kirv atındag`ı kolxozının` baslıg`ı Esen A`biyev, Xojeli rayonının` «Obkom» atındag`ı kolxozının` baslıg`ı Ka`rimbay Ma`tmuratov, To`rtku`l` rayonının` Kraykom atındag`ı ıg`allı miynetkeshi Gu`ljan Orazımbetova, Shımbay rayonının` Kuybıshev atındag`ı kolxozının` ıg`allı miynetkeshi Biybizada Qosbergenova, Xojeli rayonının` gidrotexnigi Zarif A`shiyrov, Qarao`zek rayonlıq Raykom atındag`ı kolxozının` ıg`allı miynetkeshi Gu`lziyra Artıqova Qon`ırat MTSının` direktorı Xodar Xalmuratov Qıpshaq MTSnın` traktorshısı

[1] Камалов С.К. Хорезм оазиси халықларының дослығы ҳаққында. Нөкис, 1961. 27-бет.

G`afur Yaxshimovlar bar edi. O`zleri tuwılg`an u`lkege qaytıp kelip, olar novatorlar menen ushırasıwları tuwralı gu`rrin` etti. Olardın` bay ta`jiriybesin ortaqlastı, bul aldın`g`ılardın` hu`rmetin en jaydırıwg`a ja`rdem etti.

1936-jıl Qaraqalpaqstannın` kolxoz qurılısında jan`a miynet jen`islerinin` jılı boldı. Respublikada gektar basına paxtadan 20-30 tsentnerlik zu`ra`a`t alıw ushın ha`reket barlıq orınlarda en jayıp ketti. 1936-jılı bul ha`reketke 26 brigada ha`m 30 zveno qosıldı. 1937-jılı Qaraqalpaqstan diyqanshılıq xalıq komissariatının` diyqanshılıq mektebin birinshi ret 72 kursant pitkerip shıqtı. Bul mektep 47 shofer ha`m 25 brigada mexanigin tayarladı. Olar respublikanın` kolxozlarına ha`m MTSlarına jumıs islew ushın jo`nep ketti. Shabbaz MTSında traktorshılar kursı sho`lkemlestirildi, onda 78 kursant oqıdı. Awıl sovetlerdin` baslıqları menen olardın` orınbasarlarının` mamanlıg`ın arttırıw kursların 41 adam pitkerip shıqtı, sonın` to`rtewi hayal-qızlar 1937-jılı respublikada 15 MTS bolıp, olarda 1257 traktorshı 268 mexanik ha`m 65 shofer jumıs isledi[1].

Ekinshi bes jıllıqtın` aqırında bizin` respublikamızdın` ha`r bir rayonı o`z zootexniklerine ha`m vetvrachlarına iye boldı. Respublika ekonomikasının` o`siwi menen kolxoz intelligentsiyası da o`sti ha`m qa`liplesti. U`shinshi bes jıllıqtın` basında respublikanın` awıllıq rayonlarında 1520 mug`allim ja`ne agronom, 89 vrach, 43 zootexnik ha`m basqa da ko`plegen qa`nigeler jumıs isledi. Awıl xojalıg`ının` jetiskenlikleri menen birge awıl xojalıg`ının` qa`nige kadrların tayarlaw isinde u`lken tabıslar da boldı.

1938-jılı respublikanın` MTSlarında ha`m kolxozlarında 180 agronom ha`m agrotexnik jumıs isledi. 50 entomolog shegirtkege qarsı gu`resiw ekspeditsiyalarına bekitildi. Ekinshi bes jıllıqta 5206 traktorshı, 1866 diyqanshılıq brigadiri, 1379 zveno baslıg`ı ha`m 1036 kolxoz baslıg`ı, 1191 esap xızmetkerleri, 281 tovarlı ferma baslıqları ha`m basqa da qa`nigeler jumıs isledi. Ulıwma bes jıllıq da`wirinde 14200 kolxoz qa`nigesi tayarlandı[2].

---

[1] Бекимбетов А. Ленинлик кооператив планның Қарақалпақстанда иске асыў тарийхынан. Нөкис, 1975. 32-бет.

[2] Сол мийнетте, 45-бет.

1938-jılı awıl xojalıg`ının` ha`r qıylı tarawları boyınsha 2401 qa`nige tayarlandı ha`m qayta tayarlandı. 1938-jıl respublikamızdın` 28 awıl xojalıg`ı aldın`g`ısı ja`ne sho`lkemlestiriwshisi SSSR ordenleri ha`m medal`ları menen nagradlandı. 1939-jılı kurslıq ilajlar arqalı 5241 ha`r qıylı awıl xojalıq qa`nigeleri tayarlandı[1].

Awıl xojalıg`ı ushın kadrlar tayarlawdag`ı geypara tabıslarg`a qaramastan respublikada orta buwın mamanlıqtag`ı xızmetkerlerdin` jetispey atırg`anlıg`ı sezildi. Bul jag`day partiya sho`lkemin usı aqıbetli wazıypanı bir minuta umıtpawg`a ma`jbu`rledi. Sotsialistlik jarıs awıl xojalıg`ında miynet o`nimdarlıg`ın arttırıwdın` en` a`hmiyetli sha`rt boldı.

Awıl xojalıg`ının` barlıq tarawları boyınsha joqarı ko`rsetkeshlerge erisken aldın`g`ılardın` sanı jıldan-jılg`a o`sti. 1939-jıldın` 1-avgustında ashılg`an pu`tkil awqamlıq pwıl xojalıg`ı ko`rgizbesi sotsialistlik jarıstı en jaydırıwg`a ja`rdemlesti. 1939-jılı Qaraqalpaqstannın` 445 aldın`g`ı paxtakeshi pu`tkil awqamlıq awıl xojalıq ko`rgizbesine qatnasıw huqıqın jen`ip aldı, sonnan 29 adam altın ha`m gu`mis medallar menen nagradlandı[2].

O`zKP Qaraqalpaqstan wa`layatlıq komitetinin` VIII plenumı jergilikli milletlerden kadrlar tayarlaw respublikanın` pu`tkil xalıq xojalıg`ın rawajlandırıwdın` sheshiwshi faktorı bolıp tabıladı, dep atap ko`rsetti ha`m rayonlıq partiya komitetlerine ha`m mekemelerge 1940-jılı o`zlerinin` jumısın sheshiwshi tu`rde qayta qurıwdı, a`sirese diyqanshılıq, bilimlendiriw jergilikli sanaat ha`m den sawlıq xalıq komissariatlarında kadr tayarlaw boyınsha kurslıq ilajları ku`sheytiwdi usındı.

Qaraqalpaqstan ekonomikasın bekkemlewde bizin` xalqımızg`a tuwısqan O`zbekstan ko`p ja`rdemlesti. O`zbekstannın` paxta egiwshi kolxozlarının` joqarı zu`ra`a`t ustaları avtonomiyalı respublikag`a kelip paxtakeshler menen o`zlerinin` bay ta`jiriybesin ortaqlastı. Qaraqalpakstannın` milliy sovet intelligentsiyasının` qatarı awıl xojalıg`ının` aldın`g`ı miynetkeshleri esabınan

[1] Сол мийнетте, 46-бет.
[2] Сол мийнетте, 62-бет.

tolıqtırıldı. Awıl xojalıq intelligentsiyasının` jan`a toparı urıstan burıng`ı bes jıllıqlar da`wirde tiykarg`ı wazıypalardı a`melge asırıwda, Qaraqalpaqstannın` pu`tkil xalıq xojalıg`ın texnikalıq rekonstruktsiyalawdı shamalawda a`dewir rol` atqardı.

# JUWMAQ

Qaraqalpaqstannın` O`zbekstan quramına suverenli respublika bolıwı menen o`tmish da`wir, tariyxımız jan`a ko`z qarasta qaralıp atır. Xalqımızdın` basım ko`pshiligi awıllarda jasadı, awıl xojalıg`ın tiyisli da`rejede rawajlandırıw, onın` bay tariyxın u`yreniw, onı izertlew bu`gingi ku`nnin` tariyxshılardın` baslı ma`selelerinen biri bolıp sanaladı. Awıl xojalıg`ı bu`gingi ku`nde baslı taraw.

Bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde ma`mleketlik emes sektor ulıwma xojalıqlardın` 99,5 protsentin qurag`an bolsa, sonnan fermerler xojalıg`ı 3,8 protsent, awıl xojalıq ka`rxana 17,5 protsentin, al diyqan xojalıqları 78,8 protsentin quraydı. Kolxozlastırıw da`wirinde kolxozlardın` materiallıq texnikalıq bazasın bekkemlewge respublikanın` basshıları u`lken kewil bo`ldi, sonın` esabınan awıllarda qol miynetinin` derlik jen`illengenligin ko`remiz. Awıl diyqanlarının` sawatlılıg`ın ko`teriw, ma`deniyatında o`zgerisler awıl xojalıq islep shıg`arıwında o`nimnin` salıstırma esabında ko`beyiwine alıp keldi. Awıl xojalıq texnikalarının` ko`plep keliwi, ko`plep ha`r qıylı tu`rdegi maman kadrlardı kolxozshılardın` ishinen tayarlaw baslı ma`selelerdin` biri edi. Olardın` ishinen, mexanizatorlar, injenerler, agronomlar ha`m basqa da qa`nigeler tayarlandı. Sol jılları kolxoz ha`m sovxoz islep shıg`arıwında islep atırg`anlardın` ishinen awıl xojalıg`ın basqarıwg`a ta`jiriybeli mın`lap kolxoz baslıqları, brigadirler, zvenovoylar ha`m tag`ı basqa da, sonday-aq MTSlarda isleytug`ın kadrlar tayarlandı ha`m qayta tayarlandı.

Urıstan burıng`ı jıllarda respublikanın` awıl xojalıg`ı ushın MTS ha`m shkol, kurslarda 31 mın` massalıq kadrlar tayarlandı[1]. MTS qaptalınan sho`lkemlestirilgen kurslarda traktorshı-mashinist, sharwashılıq fermaları ushın mexanizator, suwg`arıw ushın mexanizatorlar, elektromonter, traktor slesarları tayarlandı ha`m qayta tayarlandı.

---

[1] Шамамбетов Б. Подготовка сельскохозяйственных кадров важный участок партийной работы. Нукус, 1978, 98-бет.

Awıl xojalıq kadrların tayarlawda RSFSRdan kelgen rabochiy klasstın` wa`killeri, qa`nigeler MTS ha`m kolxozlarda islew menen basshılıq etti ha`m ko`plep maman qa`nigeler tayarlawda u`lken ja`rdemin tiygizdi. Ol jılları sho`lkemlestirilgen 16 MTStın` 14 respublikamızg`a joqarıdan jibergen kadrlar basshılıq etti, yag`nıy direktorlıq wazıypasın atqardı.

Sonı da aytıwımız orınlı 1933-jıldan baslap joqarının` qararı menen sho`lkemlestirilgen MTS qaptallarınan siyasiy bo`limlerdin` sho`lkemlestiriliwi de o`z rolin oynadı. Usınday ja`rdemlerdin` na`tiyjesinde jergilikli millettin` wa`killerinen ko`p kolxoz basshıları, sonday-aq birinshiler qatarında MTS direktorları o`sip shıqtı. Birinshi direktor bolıp islegen Xodar Xalmuratov basshılıq etken MTS (Qon`ırat) haqıyqıy basshı bolıp jetilisti ha`m ulıwma soyuzlıq jarısta jen`ip shıg`ıp, jen`il avtomobil` ha`m «Znak pocheta» ordeni menen sıylıqlandı. O`zinin` sho`lkemlestiriwshi uqıbı, iskerligi na`tiyjesinde keshegi jılları Xodar Xalmuratov Raykom sekretarı, sovxoz direktorı, sovxoz partiya komitetinin` sekretarı lawazımlarında islep, awıl xojalıg`ı ushın ulıwma kadrlar tayarlawg`a aktiv qatnastı. Bul jılları tayarlaw kadrlardın` ishinen (jergilikli millettin` wa`killerinen) ko`plep respublikanın` barlıq tarawlarında ha`r qıylı basshı jumıslarda islegen kadrlar o`sip shıqtı.

Qaraqalpaqstan respublikasında awıldı kollektivlik xojalıqqa aynaldırıw siyasatı tolıq a`melge astı, yag`nıy 1990-jılg`a kelip awıl diyqanlarının` 99,5 protsenti kolxozlarg`a kirgen edi.

Sho`lkemlestirilgen MTSlar awıl xojalıg`ın rawajlandırıwg`a ta`sir etiw kerek edi. Bul ko`birek awıl xojalıg`ının` paxtashılıq tarawın anag`urlım da`rejede mexanizatsiyalaw ha`m mexanizator ha`m basqada kadrlardı tayarlawda bir qansha jumıslardı issledi. MTSlarda haqıyqıy «xojalıq» bolmag`anlıqtan, olarg`a ju`klengen jumıslardı da tolıq a`melge asıra almadı. Barlıq mu`lktin` iyesi ma`mleket edi. Solay eken, MTSlardın` mu`mkinshiligin paydalanıw ha`m islep shıg`arıwdı sho`lkemlestiriwde qa`te, kemshiliklerge jol qoyıldı.

## PAYDALANG`AN A`DEBİYaTLAR


1. Karimov İ.A. İstiqlol va ma`naviyat. Toshkent: O`qituvchi, 1990.
2. Karimov İ.A. O`zbekiston milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. Toshkent: O`qituvchi, 1996.
3. Karimov İ.A. Bizdan ozod va obod Vatan qolsin. Toshkent, 1996. 163-bet.
4. Karimov İ.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo`q. Toshkent: Sharq, 1998.
5. Karimov İ.A. wzbekiston buyuk kelajak sari. Toshkent: O`qituvchi, 1998.
6. Karimov İ.A. O`zbekiston XXI asrga intilmoqda. Toshkent, 1999.
7. Karimov İ.A. Tinchlik uchun kurashmoq kerak. Toshkent: O`zbekiston, 2001.
8. Ametov K. Agrarnaya politika Sovetskoy vlasti v Karakalpakii. Nukus, 1972.
9. Bazarbaev R. İstoriya kadrov politiki Sovetskoy vlasti v Karakalpakstane. Nukus: Bilim, 2012.
10. Bekimbetov A. Leninlik kooperativlik plannın` Qaraqalpaqstanda iske asıw tariyxınan. No`kis, 1975.
11. Muratova P. Qaraqalpaqstanda intelligentsiya kadrların tayarlaw. No`kis, 1992.
12. Karakalpakiya v period pobedı sotsialisticheskogo i kommunisticheskogo stroitel`stva. Toshkent: Fan, 1969.
13. Qaraqalpaqstan ASSR tariyxı. No`kis: Qaraqalpaqstan, 1989.
14. Qaraqalpaqstan XXI a`sirdin` ekinshi yarımınan XXI a`sirge shekem. No`kis, 2003.
15. Ketebaeva B.K. Qıyatlı Qaraqalpaqstan hayal-qızları. No`kis: Qaraqalpaqstan, 1975.
16. Sarıbaev K. Agrarnıy vopros v Karakalpakii. Nukus: Karakalpakstan, 1972.

17. Sarıbaev Q. Qaraqalpakstan tariyxı (1917-1995). No`kis, 1995.

18. Sarıbaev K. İstoriya orosheniya Karakalpakstana. Nukus: Karakalpakstan, 1995.

19. Sarıbaev M. Politika xlopkovoy monokul`turı Sovetskoy vlasti v Karakalpakstane i ee posledstviya (1917-1990). Tashkent: Navoi, 2008.

20. Sızrantsev V. Podgotovka i vospitanie mexanizatorskix kadrov. Tashkent, 1966.

21. Shamambetov B. Podgotovka sel`skoxozyaystvennıx kadrov vajnıy uchastok partiynoy rabotı. Nukus, 1978.

22. Qaraqalpaqstan ASSR tariyxı. No`kis, 1989.

23. Shamambetov B. Leninskiy koopertivnıy plan podgotovka kolxoznıx kadrov v Karakalpakstane (1928-1941). Tashkent, 1970.

24. Shamambetov B. Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ı (1965-1985). No`kis: Qaraqalpaqstan, 1995.

25. Shamambetov B. Podgotovka kadrov mexanizatorov sel`skogo xozyaystva KKASSR. Tashkent, 1969.

26. Shamambetov B. Pomosh` RSFSR i drugix soyuznıx respublik podgotovke kadrov i ukreplenie ekonomicheskogo sostoyaniya kolxozov KKASSR (1928-1937 gg.). Tashkent, 1990.